BEKNAZAR ERNAZAROV

# PULS IZLEGEN BALA



Beknazar ERNAZAROV. «PULS IZLEGEN BALA» *(Povest hám ertek-povest)* — *Nókis,* «Qaraqalpaqstan» baspası, 2017-jıl, 64 bet.

UDK: 821.512.121.-3(081)-053.5
BBK: 5-Qar
E-88

Shayır Beknazar Ernazarov — qaraqalpaq balalar ádebiyatında óz stiline, óz hawazına iye belgili shayırlardan esaplanadı. Qolıńızdağı bul kitapshağa kirgizilgen «Puls izlegen bala» povestinde ata-anağa, jası úlkenge degen húrmet-izzet, mehribanshılıq pazıyletleri jas qaharman Nurnazardıń obrazında óz kórkemligin tapqan.

«Edige» ertek-povesti qaraqalpaq qaharmanlıq dástanı syujeti tiykarında jazılğan bolıp, jas óspirimlerdi Watan súyiwshilikke, hadallıqqa, adamgershilikke, miynetke, sabır, tózimlilikke tárbiyalaytuğın kórkem dóretpe bolıp tabıladı.

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 89350

ISBN 978-9943-5054-0-7

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2017-jıl.
© Beknazar Ernazarov, 2017-jıl.

PULS IZLEGEN BALA
*(Povest)*

## PULSTIŃ JOǴALÍWÍ

Nurnazardıń jańa ǵana oynaw ushın kóshege shıqqan waqtı edi. Tóbesinde aylanıp jarqıldap janıp turǵan shıraǵı bar aq mashina qıshqırıp, tezlik penen kelip, Nurnazarlardıń dárwazası aldında toqtadı. Ishinen aq xalat kiygen bir aǵay menen bir apay sekirip túsip, dárwazadan ishke asıǵıs kirip ketti. Bir waqıtları ayazlap awırıp qalǵanda usınday aq xalatlı apay jambasına iyne tıqqan edi. Nurnazar «doqtır» dedi ishinen. Qorıqqanınan qayaqqa tıǵıların bilmey qaldı. Biraq, aq xalatlılar Nurnazarǵa itibar da bermedi.

«Atama kelgen eken ǵoy» dep oyladı. Ol atasınıń awırıp qalǵanın aytıp kempir apasınıń qońıraw qılıp atırǵanın esledi. Ol waqıtları «Atama ne qıldı?» degen sorawına qısqa ǵana «awırıp qaldı» degen juwap alǵannan keyin heshkimnen hesh nárse soramadı. «Úlken adamlar da awıra ma?» degen óziniń sorawına juwap ta izlegen joq. Itibardan pútkilley sırtta qılǵan Nurnazardıń jańa ǵana oynaw ushın kóshege shıqqan waqtı edi.

Aq xalatlılardıń izinen úyge kiriwge júrek etti. Atası es-tússiz jatırǵan bólmede aq xalatlılar shır-pırı shıǵıp atır. Nurnazar esik aldında toqtap olardı gúzete basladı.

— Puls joq. Joǵalıp qalǵan. Pulsi joq. Tez alıp ketiw kerek. Allo! Allo! Tez shıpakerlerdi tayarlań... Qáwip astında...

Nurnazar bul sózlerdiń heshqaysısına túsinbese de, «Pulsi joq» degenge hayran qaldı. «Puls» degen ne eken? Atam pulsin joytqan ba, qalay joǵaltqan?...».

Atasın sol turısında uzın bir zatqa jatqarıp, kópshilik japa-tarmaqay dalaǵa qaray asıqtı.

— Atam pulsti joǵaltqan ba?

Nurnazardıń sorawına kempir apasınan basqa heshkim itibar bergen joq.

— Awa, pulsin joǵaltqan.

Kempir apasınıń albıraqlap shaqqan-shaqqan júrip baratırǵanda aytqan juwabınan hesh nárse túsinbesten ol da sırtqa qaray asıqtı. Atasın solayınsha mashinanıń ishine jatqardı.

— Ayda! Serenasın jaq! Ayt! Dárwazanı ashıp tursın, — dep birewiniń hawlıqqan sózleri onıń miyinde saqlanıp qaldı.

Mashina qattı tezlik penen qalayınsha kelgen bolsa, solayınsha jónep ketti.

Esheyinde qasınan qaldırmay ertip júretuǵın kempir apası da mashinaǵa mindi. Biraq, Nurnazarǵa itibar da bergen joq. Kempir apasına qıyqańlıq qılıp meni de alıp ket dewge abır-sabırdan júregi dawamadı. Anıǵı olardıń qayaqqa baratuǵının da bilmes edi. Biraq, geyde izine ertip ketpegen waqıtlarda «men duqtırǵa barıp tisimdi kórsetip qaytaman, sen ájaǵańlar menen oynap júre ber. Meniń balam aqıllı ǵoy. Toyǵa barsam ertip ketemen», dep keter edi.

Bul saparı hesh nárse de aytqan joq. «Demek, ol duqtırǵa baratır».

Nurnazar sonnan beri óziniń sorawına heshkimnen ujıbatlı juwap ala almadı.

— Atam, pulsin joǵaltqan ba? — dedi anasına.

Ol da betine qarap turıp: «Awa. Atań pulsin joǵaltqan», — dedi.

— Pulsin qalay joǵaltqan?

— Basımdı awırtpashı, — dedi anası.

Endi boldı. Qansha sorasań da anasınan juwap ala almaytuǵının jaqsı biletuǵın Nurnazar qaytıp sóylemedi. Kempir apası bolǵanda sorap bilip alar edi. Kempir apası sol ketkennen ele joq. Aradan ótken bir túnniń ózi oǵan uzaq waqıt ótkendey bolıp sezildi.

Azanda apasınan taǵı soradı:

— Atam pulsin qalay joytqan?

— Qalay joytadı. Joytqan, bolǵanı. Pulsi túsip ketkennen keyin joytadı-dá.

Pulstiń ne ekenine túsinbegen ol atasın saǵınıp ketti. Kórgisi keldi. Azańǵı shayhalqasta ústine minip, túsip bir jaynap qalar edi. Endi ornı bos tur. Atasınday etip heshkim Nurnazardı erkeletpeydi. Kerisinshe, erkeleymen dep talay dákki jegen. Atasın júdá saǵınıp baratır.

— Tur, kiyindireyin. Baqshaǵa barasań, — dedi anası hesh nársege xoshı bolmay otırǵan Nurnazarǵa. Ol da qıyqańlaq etip erkelemey anasınıń degenine kóndi. Biraq, atasınıń pulsi bir maydan da onıń esinen shıqqan joq. Atası pulsin joǵaltıp qoyǵanına ókpelep

jatıp qalǵan ba? Ol geyde ókpelep jatıp qalǵanda, «Altın duqtırǵa iyne suqtıraman» dep apasınıń qorqıtatuǵını esine tústi. Atası qorqıtsa da, ókpelep jata bere me? Iyne salǵan shıǵar. Pulsin joǵaltqanǵa ókpelegen ǵoy. Atam qorıqpaydı. Pulsi tabılmaǵansha ókpeley beretuǵın shıǵar...

## BAQSHADAN QASHQANDA

Tárbiyashı apası azangı awqattan keyin balalardı háwligi shıǵardı. Sırtqa shıqqannan keyin Nurnazar atasınıń pulsin oylay basladı. Tawıp alıp, atasına aparıp berejaq. Pulsi tabıla qoysa, atası quwana-quwana onıń menen úyine qaytadı. Taǵı atasınıń qasında jatadı. Dasturxan basında jambaslaǵan waqıtları atasınıń ústine minip-túsip shadıqorram boladı. Demek, pulsti izlew ushın háwliden shıǵıw kerek. Tárbiyashı apasına kórinbey shıǵıp ketpeseń, ol hesh jaqqa jibermeydi.

Tárbiyashı apasına bir, temir ergenekke bir qarap Nurnazar uzaq turdı. Balalardıń birin-birin quwalap oynap júrgenleri de onıń dıqqatın ózine tarta alınadı. Tek ǵana bir oyı háwliden sırtqa shıǵıp, pulsti izlew boldı da turdı. Pulsti tawsa atası úyge keledi. Áste-aqırın awızǵa qarap jılıslay basladı. Sonıń arasında taǵı bir tárbiyashı apay kelip, Nurnazardıń tárbiyashı apasınıń dıqqatın tarttı. Ekewi bir nárselerdi sóylesip atır. Nurnazar jılıslap shıǵar awızǵa da barıp qaldı. Tárbiyashı apası betke qaradı. Olar ele sóylesip tur. Ol awızdan kóshege shıqtı. Oǵan heshkim itibar bergen joq.

# SAPARǴA TAYARLÍQ

Nurnazar trotuar boylap júrip baratır. Qaptalınan ótip atırǵanlardıń birde-birewi házirshe oǵan dıqqat bólgen joq.

Óz úyiniń dárwazası aldına keldi. Dárwazasınıń ergenegin iyterip kórip edi, ashılıp ketti. Esiktiń aldındaǵı gúller samaldıń epkini menen shayqalıp, kúlisip Nurnazardı kútip aldı. Nurnazar biraz qarap turdı da, gúllerden julıp almaqshı boldı. Biraq, atasınıń «kerek bolmasa gúllerdi julıp ala berme» dep aytqanı esine tústi. Gúller dıqqat penen qarap turǵan Nurnazarǵa erkelep, onnan sayın kúlisip shad boladı.

— Pulsti kim kórdi? — dedi Nurnazar gúllerge sorawlı názer menen tigilip.

«Bizler bilmeymiz!», dedi gúller bári birden.

— Atamnıń pulsin sorap atırman. Atam pulsin túsirip alǵan. Taba almay atır. Pulsin joǵaltıp qıyqańlıq qılǵanı ushın duqtırlar alıp ketken.

Gúller hayran qalısıp, únsiz telmiresti. Biraq, Nurnazardıń sorawına anıq túsinbegen gúller onnan atasın soradı.

— Bilmeymen, — dedi Nurnazar.

Shınında da, ol atasınıń qayaqta ekenin bilmes edi.

«Bizlerge kúnde azanda jamǵır jawdırıp, shomıldırıp turatuǵın edi. Endi ústimizdi shań basıp jarqırap kórine almay atırmız».

Nurnazardıń kóz aldında azanda erte kóshege, gúllerge suw sewip júretuǵın atası eleslep ketti. Birden gúllerdiń kúlgeninen atasınıń elesin joǵaltıp aldı.

Nurnazardıń dıqqatın ala kúshik tarttı. Ol erkelep, sıńsıp ayaǵına súykendi. Baqshadan tez qaytıp kelgenine hayran boldı.

«Nege qayttıń?», dedi ala kúshik basın gá bir shekege, gá ekinshi tárepine awıstırıp. Óytkeni, ol qarnı ash bola baslaǵan waqıtları qaytıp kelip, awqat berer edi. Ele ash bolǵan joq.

— Qaytqım keldi.

«Tárbiyashı apań qalay jiberdi?», dedi ala kúshik.

Ol endi ótirik ayta almadı.

— Atamdı izleyjaqpan. Onıń pulsin tapsam aparıp berip úyge alıp kelemen. Kúnde alashortaq aytatuǵın, at bolıp kisnep arqasına mingizetuǵın atam joq. Atamdı qattı saǵındım.

Kerilip, sozılıp murtın jalap, olardıń qasına kelgen bala pıshıq sózge aralastı.

«Keshe Nurnazar atasın saǵınıp jılap shıqtı. Apası «basıńa bolǵır» dep baqırıp tasladı».

Nurnazar bala pıshıqqa qaradı.

— Pıshıǵım biledi. Keshe keshte atamnıń pulsin izlewge kelisip te alǵanbız. Solay ma, pıshıǵım?

«Awa», dedi pıshıq iyesin maqullap. «Búgin izlewge keliskenbiz. Nurnazar baqshadan sonıń ushın da erte kelgen».

Nurnazar dizerlep atırıp pıshıǵın sıypaladı. Ol da onnan sayın kerilip, quyrıǵın qaqaytıp arman-berman júrdi.

Bulardıń sózine gúller aralastı.

«Bizler de Nurnazardıń atasın izler edik. Átteń, júre almaymız-dá. Sizlerge ergen menen kóp uzamay

solıp, quwrap qalamız. Onnan keyin ne paydası bar. Sizlerge ere almaymız. Solıǵan, ısqınsız gúller kimge kerek? Ílaqtırıp jol shetine taslap ketesizler».

— Sizler hesh jaqqa barmay-aq qoyıń. Úydi baǵıp qala beriń, bizler ketkennen keyin atam kelip qalsa xabar beriń.

«Álbette», dedi gúller jabırlasıp. «Samalǵa aytamız. Sizler qayda júrseńiz de jetkeredi».

«Onda kóp irkilmey keteyik», dep ala kúshik asıqtırdı. Ol bala pıshıqtı Nurnazarǵa júdá jaqın bolıp baratırǵanın jaqtırmaǵan edi. «Atańdı tawıp alsaq, alıp qaytamız».

— Joq, atamdı tapqan menen pulsin tawıp bermesek kelmeydi. Ol da taba almay júrgen ǵoy. Bolmasa qashshan keler edi.

«Pulsi qayaqta túsip qalǵan?», dep sózge pıshıq aralastı. «Túsken jerin bilip izlew kerek».

«Pay, sen de», dedi ala kúshik bala pıshıqtıń jaǵımpazlıq etkenin jaqtırmay, «Nurnazar da pulstiń qayaqta túsip qalǵanın bilmeydi ǵoy, bilgende bar jerinen tabar edi».

Nurnazar olardıń tartıslarına itibar bermedi. Sırtqa shıqpaqshı bolıp dárwazaǵa bet aldı.

«Qayaqqa?», dedi ala kúshik. Shapqılap barıp ayaǵına asıldı. «Men de baraman» dep bala pıshaq ta Nurnazardıń qaptalında payda boldı.

— Yaqshı, — dedi Nurnazar. — Sizlerdi ertip keteyin. Birge atamnıń pulsin izleymiz. Tawıp alıp atama aparıp bersek, atam bizler menen úyge qaytıp keledi.

Gúller de saparǵa shıǵayın dep atırǵanlardı maqullap basların shayqadı.

«Bizler usı jerde kútip otırmız. Atań kelse, samallardan xabar beremiz. Sizler de qayda júrgenlerińizdi aytıp turıń. Pulsti tapsańız, dárriw xabarlań. Bizler atańdı samallardan yamasa quyashtan soraymız. Qayaqta ekenin olar biledi».

— Házir sorań da, — dedi Nurnazar tezden atasınıń xabarın biliwge asıǵıp. — Samallardan sora, ya quyashtan sora.

«Samallar esitip tursız ba? Nurnazardıń atası qayaqta?» «Ís-ıs» etken ses shıǵıp, uzaq waqıt tınbay turdı.

«Joq. Qayaqta ekenin bile almadıq. Samallar kire almaytuǵın jerler de bolsa kerek», dedi ısıldı birden toqtap.

— Áy, sen de! Onda quyash sen bilerseń, bálkim? Nurnazardıń gápin esitken quyash jımıńlıp alıs-alıslarǵa kóz jiberip biraz turdı.

«Bizler de qayaqta ekenin taba almadıq», dedi basın shayqap.

— Sen de bir. Sonshama biyikte turıp bilmeyseń be, men ǵoy sendey úlken, uzın bolǵanımda barlıq nárseni kórer edim. Atamnıń qayaqlarda júrgenin há degende tawıp alar edim.

«Bizler kire almaytuǵın, kóre almaytuǵın jerler kóp.Bólmelerdiń ayırım múyeshlerine úńile almaymız. Múmkin, bizlerden tasalap qoyǵan shıǵar».

— Yaqshı, onda. Sizler de úyge qarap turıń, atam kirip kelse aytarsız.

Quyash ta, samallar da, gúller de Nurnazardı maqullap xoshlasıp qala berdi.

## SAPARǴA SHÍǴÍW

Nurnazar ala kúshik penen bala pıshıǵın izine ertip, puls izlewge rawana boldı. Kóp júrmey-aq bala pıshıq qıyqańlıq ete basladı.

«Meni kóterip júrmeseń, izlerińizden jetip júre almayman, miyya-w-w».

«Júre almaytuǵın bolsań jańa qalsań boladı ǵoy», dep aq kúshik dápindi.«Seni kim kóterip júredi. Bizler uzaq júremiz ele de qala ber».

«Yaq, qalmayman. Ís-s!» — Ashıwlanǵan bala pıshıq ala kúshikke aybat shegip, belin gújireytip, aqsıytıp tisin kórsetti.

«Áy, sen de, bir. Úyden shıqpay atırıp, shataq shıǵarasań!».

— Qoy, tartıspań, — dedi Nurnazar olarǵa jaqınlap, — Pıshıqtıń da kerek jeri bolıp qalar. Qalmay-aq qoysın. Men kóterip júremen. Biraq, ara-tura óziń de júreseń.

«Yaqshı, yaqshı», dedi quwanǵanınan sekirip qolına otırıp alıp.

Ala kúshik aytqanı bolmaǵanǵa az-maz ashıwlansa da Nurnazarǵa bildirmedi. Úsh-tórt adım ata salıp shońqaydı. «Dus kelgen jerge otıra keteseń-dá», dedi bala pıshıq óziniń jeńisine marapatlanıp. Ala kúshiktiń

ókpesin bildirmegeni de onı onsha quwandıra qoyǵan joq edi.

Úlken joldan ersili-qarsılı mashinalar zuwlap ótip tur. Bularǵa qarap itibar beretuǵın adam joq. Nurnazar aldında kóringen nárseden atasın, onıń joǵalǵan pulsin soramaqshı. Biraq, xabarlasqanday hesh nárse tabılmadı.

Bulardıń qaptalınan bir mashina ótińkirep barıp toqtadı. Atasınıń bir ret usınday mashina menen úyine kelgeni esine túsip soramaqshı boldı. Bálkim, sol mashina shıǵar. Ol atasınıń qayaqta ekenin biler edi-á. Qasaqana qılǵanday kabinadan bir adamdı túsirdi de, mashina qayta jıljıp, tezlik penen júrip ketti. Ax, átteń! Toqtaytuǵın mashinalar duslasıp qalar. Sol waqıtta-aq soraydı. Sebebi, sol mashina atasın tanıydı. Mashinalar birin-biri biledi ǵoy.

## TOQÍLDAWÍQ PENEN USHÍRASQANDA

Úlken terektiń qaptalınan ótip baratırıp, «toq-toq-toq» etken ses qulaǵına esitildi. Nurnazar birden toqtap terektiń usha basına qaradı. Pıshıq ta, kúshik te Nurnazardıń kózi tigilgen jaqqa dıqqat bóldi. Bir qus xannan qápersiz qumbıl bolıp terekti shoqıp atır.

«Ne qılıp atır?», dedi kúshik basın qıyalatıp.

«Terekti tesip atır ǵoy», dedi shaqqanlıq etip pıshıq.

— Bilmedim, — dedi Nurnazar hayranı shıǵıp, qustan kózin ayırmay. — Házir soraymız ne qılıp atırǵanın.

Toqıldawıq bulardıń ózine qarap turǵanın ańlap «Ne qılıp tursız?» degendey háreketin toqtattı. Sorawlı názer tasladı.

— Ne qılıp atırsań? — dedi Nurnazar qustıń kózi kózine duslasqan waqıtta.

«Terekti shoqıp atırman», dedi toqıldawıq. Háreketi menen de kórsetip qoyǵısı kelgendey ótkir tumsıǵın terekke qadap-qadap aldı.

— Terek ne qılıp edi? Ol awırsınadı ǵoy. Qan aǵadı.

«Terektiń ózi shoqıwǵa ruqsat etip qoyıptı».

— Yaǵ-áy!

Nurnazar tańlanǵanın jasıra almadı.

«Awa. Arqam qıshıp ketti. Qurt tesip atırǵan qusaydı», dep edi.

— Onıń qurtı bar ma eken?

«Awa. Jańa ekewin jedim. Endi tereńge kirip baratır eken. Birewi qashıp arman kirip ketti. Sonı uslap almaqshıman».

— Sen, terektiń qurtın ba? Ózi ayttı ma?

«Awa. Qurtın uslayınsha joq qılıp turmasam, olar terekti óltiredi. Terek quwrap qaladı. Heshkimge sayaman bola almaydı. Quwrap qalsa adamlar otın qılıp jaǵıp jiberedi. Íssı kúnde quyashta qalsań, qanday bolasań. Al, terek quwramasa sayaman bolıp, quyashtan saqlaydı. Terektiń ózinen-aq sorap kóre ǵoy. Men jábir berip otırǵanım joq».

«Awa. Toqıldawıq durıs aytadı. Geyde qumırsqalardı da járdemge shaqıraman», dep terek gúńgirlep dawıs berdi.

— Seniń boyıń biyik, úlkenseń, meniń atamdı kórmedińiz be? Onıń pulsin she?..— dep soradı Nurnazar.

Terek birazǵa shekem juwap bermey oylanıp turdı. Bir waqıtları japıraqları bir-birine qaǵısıp sıldırlap dawıs shıǵara basladı.

«Joq. Kórdemik», dedi olar da atasın, yamasa pulsin tawıp bere almaǵanına qıynalǵan túr tanıtıp.

— Sen ne, toqıldawıq?

Baǵanadan beri óz isin dawam ettirip atırǵan toqıldawıq jalt etip qaradı da bılay dedi: «Joq. Ne izlep júrgenińdi túsindim-dá. Biraq, aytqan nárseńniń ne ekenligin túsinbedim: «Puls. Puls».

Birden Nurnazar da oylanıp qaldı. «Atamdı bilemen. Onıń joytqan pulsi qanday nárse eken. Apamnan soraǵanda da «puls, puls-tá» dep qoyǵan edi. Kóz aldına uzın, domalıq, aq, qara zatlardı elesletti. Alma, konfet, qant, snickers, júzim, qaq júzim, kóp nárse kóz aldınan ótti. Heshbirewinde qıyalı toqtaǵan joq.

«Múmkin, aldımnan shıǵar. Múmkin, atam tawıp alıp qaytıp kiyatırǵan bolar. Báribir atamdı tawıp alıwım kerek ǵoy. Atamdı tawıp alsam birge izlermen».

— Máyli, bizler ketemiz. Kórip qalsańız aytarsız.

Toqıldawıq jumısın toqtatıp, qol jeter jerdegi shaqaǵa qondı.

«Bálkim, meniń de járdemim tiyip qalar. Men de sizler menen izleymen», dedi.

Pıshıq biytanıs qusqa háwesi kelip, ıqlası awdı. Jutınıp turǵanın bayqaǵan Nurnazar:

— Áy, pıshıqbay. Nege bunshama tigilip qaldıń. Bul da bizlerge dos bolıp, birge júrmekshi. Áy, nápsiqaw, — dedi háreketine támbi berip, toqıldawıq qaradı. — Íqtıyarıń, bizler menen júrseń, júdá jaqsı bolar edi. Biyik jerlerge shıǵıp atamnıń xabarın aytar ediń.

Bala pıshıq iyesine ujıbatlı juwap tawıp ayta almaǵannan keyin awzın keń ashıp, esnep ernin bir jalap qoydı.

Sol waqıtları «ıs-s» dep samallar ses berdi. Olar: «Biyikti, alıstı bizler de kóre alamız».

— Sizler arman-bermen ótip-ketip turǵanıńda sizlerdi toqıldawıqtan sorap turamız, — dedi Nurnazar samaldıń da kewlin alıp.

## JOLDA

Olar tórtewi jolın dawam ettirdi. Quyash hám samallar bárqulla gúzetip turdı. Endi Nurnazar hesh nárseden qorıqpaydı, qasında qansha joldası bar. Shınında da, Altın duqtırdan basqa Nurnazar hesh nárseden qorıqpaytuǵın edi. Onıń oyına barlıq nárse jaqsı, qáwender. Heshbir nárse oǵan úreyli bolıp kórinbes edi. Tek qaranǵı túsken waqıtları azı-kem úreylener edi. Biraq, onda da neden qorqatuǵının ózi de bilmes edi. Ol óz túsiniginshe shóp-shar, qurt-qumırsqa, quslar, haywanlar hámmesi oǵan dos edi. Qaysı biri menen bolsa da, otırıp alıp heshkim túsinbeytuǵın óz tilinde sóylesip otıra berer edi. Ol hámme menen túsinisedi hám sóylese alatuǵın edi.

Barlığı jámlesip jolğa tústi. Báriniń de kewli shad. Ala kúshik penen bala pıshıq Nurnazardıń birese aldına shıqsa, birese qatarlasıp ayağına súykenip ketip baratır. Toqıldawıq bolsa gá pırlap ushadı, gá jerge qonıp jorğalap júredi. Bala pıshıqtıń toqıldawıq penen oynağası kelip, oğan qaray talpınadı. Toqıldawıq ta sağan uslatpayman degendey «pır» etip hawağa kóteriledi. Dus kelgen shaqağa qonıp barlığınıń háwesin keltiredi.

«Ír-r» degen ses barlığın jalt qarattı. Ásirese, bala pıshıq qorqıp ketip qaptalğa sekirip ótip, jawırının gújireytti. Olar temir tor menen qorshap qoyğan háwliniń qasına barıp qalğanın bildi.

Shınjırlanıp baylanğan úlken iyt bir ret ırıldağanı bolmasa, shabalanbadı.

«Qayaqqa baratırsız?», dedi Nurnazarğa názer salıp.

— Atamnıń pulsin izlep baratırmız. Sen kórmediń be?

Tarğıl kópek Nurnazardıń ne haqqında sorağanın túsinbedi. Úlken awzın ashıp, qatarlasqan tislerin kórsetip, uzın tilin sozıp: «Ya-a-aq!» dedi.

— Sen bizler menen júre almaysań ğoy, báribir. Háwliden shığa almaysań. Baylawdan bosana almaysań.

Tarğıl kópek olarğa ere almağanına ókingendey aldına eki ayağın sozıp, kózlerin olarğa tigip jatıp aldı.

— Júr kettik, — dedi Nurnazar joldaslarına.

Olar júrip ketti.

«Ne degen úlken iyt eken!» dedi ala kúshik sonday bolıwdı árman etkendey ózine kóz jiberip. «Bizler menen júrmedi-ya?».

«Júrmese qoysın. Dım qorqınıshlı eken. Ol bizler menen júrse meni jep qoyatuǵın shıǵar. Qalǵanı da jaqsı boldı. Pánjesin aytpaysań ba? Meni bir basqanda jenship taslaytuǵın shıǵar», dedi bala pıshıq qorıqqanın jasıra almay.

Olar tarǵıl kópekti birese maqtap, birese táriyplep uzaq sóylesti. Sóylesip, jol óndirdi. Biraq, jolda duslasqan hárbir shóp-shardan atası hám onıń pulsi haqqında sorawdı umıtqan joq.

— Men atamdı júdá saǵınıp kettim, — dedi Nurnazar hesh deregi shıqpaǵannan keyin qapalanıp. — Qayaqlarda júr eken. Pulsin taba aldı ma eken?

«Maǵan nan sındırıp beretuǵın edi», — dedi pıshıq Nurnazardıń atasın maqtap. «Shay iship otırǵanda ústine minip jatatuǵın edim».

«Hár kúni maǵan nan jibitip beretuǵın edi. Qasıma kelip ústimdi sıypalap otıratuǵın edi», dedi ala kúshik Nurnazardıń atasın eslep.

Toqıldawıq bolsa Nurnazardıń atasınıń oǵan islegen hesh nársesi bolmaǵannan keyin, hesh nárse ayta almay olarǵa háwes penen qaradı.

Olar sóylesip júrip qalanıń shetine kelip qalǵanın bayqadı. Alıstan qalıń toǵaylıq kózge túsedi. Televizorlarda kórgeni bolmasa, toǵaydı kórmegen Nurnazar hayran boldı. Kewline ǵulǵula úyirleyin dedi.



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 89350

## SARANAWǴA JOLÍQQANDA

Olar qaladan shıǵa beriste jol shetine baylawlı turǵan úlken gáwmis sıyırǵa jolıqtı. Saranaw alıstan-aq olardı kórip qarap turǵan edi. Bir-birin quwalap, gá qatarlasıp júrip kiyatırǵanlar sıyırdı qızıqtırdı.

Ádette, nárestelerdi jatırqamaytuǵın sıyır birden Nurnazardan jol bolsın soradı.

«Mó-ó! Qaydan kelip qaldıń?».

— Atamdı izlep kiyatırman. Ol pulsin joǵaltıp izlep ketken. Men ya pulsti, ya atamdı tabarman dep kiyatırman.

Nurnazar aybatlı sıyırdan azı-kem seskengenin de bildirmewge háreket etti.

«Atańdı ǵoy kórmedim. Puls degendi sirá bilmedim», dep sıyır uzın quyrıǵı menen ústine qonǵan shıbınlardı sabaladı.

— Heshkim puls haqqında bilmeydi. Heshkim onı kórmegen. «Qanday nárse?» dep soraydı. Puls tá, atamnıń pulsi.

Nurnazar pulstiń qanday nárse ekenligin ózi de bilmegennen keyin onı súwretlep túsindire almas edi.

«Shınında, puls qanday nárse? Apam da ne nárse ekenligin aytpadı. Meyli, atamnıń zatı bolsa tabarman».

Sútti sıyırdan sawıp alatuǵının esitken ol az-maz oylanıp turdı da:

— Bizlerge sút beresiz be? — dedi ash bolǵanı esine túsip:

Ala kúshik penen, bala pıshıq súttiń atın esitip quwanısıp qoya berdi. Olarǵa saranaw ıdıs tolı sút beretuǵınday sezildi.

Sıyır balanıń hám onıń doslarınıń sadalıǵına kúlkisi keldi.

Qansha ózin uslamaqshı bolsa da kúlkisin toqtata almadı. Barlıq denesi háreketke kelip kúle basladı. Dım ebeteysiz qıymılı Nurnazarlardı tań qaldırdı. Olar da qosılıp kúldi. Sıyırdıń barlıq múshesiniń ebeteysiz háreketine kúldi. Toqıldawıq ta, samallar da, quyash ta qosıldı. Kúlki uzaq-uzaqlarǵa ketti. Tereklerdi aralap, qalıń shóplerdiń arasına shekem kirip ketti.

«Wáy, ańqawım-áy», dedi sıyır kúlkisin tıyıp, «sút soraǵanıńız durıs. Biraq, heshqaysıńızda ıdıs joq. Men sútti qalay beremen. Meni eme almaysız. Meniń sútimde buzawımnıń haqı bar. Ot-jem berip baǵıp atırǵan iyemniń haqı bar. Onıń sizlerdey balaları bar. Kún boyı mazalı shóplerdi jep toyıp, jelinimdi toltırıp barǵannan keyin buzawım emedi. Xojayınımnıń kempiri sawıp aladı. Qálegen jerde sútimdi berip kete bersem jaman sıyır bolaman ǵoy. Xojayınıma barsańız, hámmeńizdi toydırıp jiberedi».

Saqıy, miyrimli adam bar ekenin ańlaǵan bala pıshıq shıdamsızlıq etti.

«Onda bizlerdi xojayınıńnıń úyine alıp bar. Bir toyıp aǵarǵan iship alayıq».

«Men ózligimnen hesh jaqqa kete almayman. Mına uzın arqannıń jetken jerine shekem baraman. Sol aralıqta otlayman».

Ala kúshiktiń sıyırǵa rehimi kelip ketti.

«Men mına jipti shaynap-shaynap úzip jibereyin be? Aǵashtı tesetuǵın toqıldawıqtıń tumsıǵın iske qossaq ǵoy».

Heshkimge bildirmey sıyırdıń ústine minip alǵan toǵıldawıq sózge qosıldı.

«Awa. Házir územiz. Minekey, siziń ústińizge kene jabısıptı. Házir alıp taslayman. Az-maz shıda».

Toqıldawıq tumsıǵın sıyırdıń arqasına tıǵıp aldı.

«Waq», dedi sıyır úlken basın qaptalǵa silkip: «Sizlerdiń gápleriñiz dım kúlkili. Men de jipti úzip alıs-alıslarǵa ketiwdi bilemen. Qálegen jerden otlawım múmkin. Biraq, tártip bar ǵoy. Tártip. Bizler usınday tártipke ádetlengenbiz. Xojayın ózi otlaq jerdi tawıp bizdi arqanlaydı. Jep bolsań, jılıstıradı. Keshte úyine aparıp taǵı ot-shóp, jem beredi. Soǵan kónligip qalǵanbız. Qańǵı bas degen jaman attı alǵımız kelmeydi».

Ala kúshik te, toqıldawıq ta aytqan gáplerine uyalıp qaldı. Ásirese, sıyırdıń olar haqqında tártipsiz degen pikir qılıwınan qorıqtı.

«Biz bilmeppiz», dep kúshik mıńǵırlap basın qasıdı.

Hámmeni qolaysızlıqtan qutqarıw ushın Nurnazar xojayınnıń úyin soradı.

— Bizler onda xojayınnıń úyine qalay baramız?

«Áne, ózi de kiyatır», dedi sıyır bularǵa baǵdarlap kiyatırǵan adamdı tumsıǵı menen nusqap: «Meni suwǵarıp, jılıstırıp baylawǵa kiyatırıptı».

— Assalawma áleykum, ata! — dedi Nurnazar hámmeden burın bes qádem jerge jaqınlap qalǵan adamnıń aldına qarsı júrip.

Dosları da onıń bağdarına boysındı.

— Wáleykum assalam, balam, — dedi ǵarrı eki qollap usınǵan Nurnazardıń qolınan alıp, — Baxıtlı bol! Úlken azamat bol!

Olardıń átirapına Nurnazardıń dosları da jámlesti.

— Bular — meniń doslarım, — dedi Nurnazar. Puls izlep júrip edik. Qarnımız ash boldı. Siziń sıyırıńızdan sút sorap turıp edik.

Ǵarrı mıyıǵınan kúldi.

— Ash boldıq deń.

«Awa», dep bári jabırlastı.

— Kúshigiń, pıshıǵıń, toqıldawıǵıń bar eken. Jámlesip shıǵa qoyıpsız. Men sizlerdi házir toydıraman. Sıyırdı suwǵarıp, jılıstırıp arqanlap alayın.

Olar ǵarrıǵa kómek bermekshi bolıp izine erdi. Ásirese, kúshik penen pıshıq oǵada shadıqorram. Awqattıń atın esitkennen keyin burınǵıdan da beter qarınları sırnay shaldı.

## QAWÍN ATÍZDA

Uzınnan uzaq birin-biri jalǵastırıp jatırǵan pálekler. Nurnazar qarap hayran qaldı. Qawınnıń túynegin kórgeni bolmasa pálegin kórmegen Nurnazarǵa júdá ájayıp kórindi. Pálek arasında jasırınıp atırǵan qawınlar onıń jáne de qızıǵıwshılıǵın asırdı.

— O-o! — dep jiberdi Nurnazar pálek arasında sıǵalap turǵan qawınlarǵa kózi túsip: — Qanday ájayıp. Anaǵan qarań, shóptiń arasına birew qawın

jasırıp qoyıptı, — Qasına zıńǵıp bardı. — Mına jerde de bar. Mına jerde bar. Oy-boy! Kóp ǵoy!

«Qáne, qáne! Mine mına jaǵında da bar», dep pıshıq, kúshik pálekke batıp-shúmip Nurnazardıń qasına bardı. «Kóp, júdá kóp».

Bir waqıtları sınqıldap kúlgen ses esitildi. Bul doslarınıń háreketine, Nurnazardıń sózine kúlip turǵan samal edi.

«Ís-s, qawındı heshkim bul jerge ákelip jasırıp qoymaǵan. Ekken. Sonnan keyin kóp qawın bolǵan».

— Ekken?! Qalayınsha?

Nurnazar tańlanǵanlıǵın jasıra almadı.

«Solayınsha», dedi samal, qáytip túsindirerin bilmey biraz oylanıp qaldı. «Qawın jegende ishinen shopaq shıǵadı ǵoy. Bileseń be?»

— Awa, — dedi Nurnazar, talay qawın tilip bergende atasınıń shopaqlardı alıp taslap atırǵanın eslep. — Atam qawın tilip bergende shopaqların alıp, quyashqa keptirip qoyatuǵın edi.

«Sonı diyqanlar báhárde jerge egedi».

— Qalayınsha, egedi? Shopaqtı ma?

«Awa, shopaqtı egedi. Bir shopaq jer qoynında jatıp bórtedi. Murt shıǵaradı. Jer betine ónip shıǵadı. Kóp qawın boladı».

Samaldıń aytqanların kóz aldına eleslete almadı. Biraq, kishkene qıytaqqa atasınıń pomidor, burısh tuqımların ekkenin de kórgeni bar edi. Sonı esledi de qoydı.

Ǵarrı olardıń gúrrińlesiwin bólip hámmeni shártektiń sayasına qawın jewge shaqırdı.

— Qanday mazalı! — dedi Nurnazar qant tatıp turǵan bir tilikti jep atırıp: — Bunday qawındı kópten beri kórmegen edim.

Nurnazar bul jerde qanaatlanǵan zatına aytatuǵın atasınıń sózin paydalandı. Atası kewlinen shıqqan nársege «kópten beri jemegen edim», «kópten beri kórmegen edim» dep tańlanatuǵın edi.

Hámmesi qawın jep otırıp, bir shette aldıńǵı ayaǵınıń ústine basın qoyıp bularǵa qarap jatırǵan bala pıshıq názerlerin awdardı.

«Ash boldım», dedi jılamsırap «úydegi maydalap qoyılǵan bop-bos nandı saǵındım?».

— Qawın je, — dedi Nurnazar.

«Jey almadım. Júdá mazalı eken».

«Men jep atırman ǵoy», dedi ala kúshik qawındı órli-ǵurlı asap. «Qanday mazalı! Usı jerde nan tabıladı ma. Bolmasa meniń de jegim kelip turıptı».

Ǵarrı sózge aralastı.

— Nan tabıladı. Házir sizlerge nan bereyin. Biraq, azı-kem qatayın degen. Jese boladı.

Pıshıq quwanıp ketti.

«Maǵan bershi, qattı bolsa da jeymen. Kemirip jey beremen ǵoy».

— Má, — dedi ǵarrı baǵanǵa iliwli turǵan túyinshikten nan alıp hámmeniń aldına qoydı. — Qawın jegisi kelgennen keyin nan jemes dep oylap edim.

«Nan degen jaqsı ǵoy», dedi ala kúshik nandı kórgen waqıtları jegisi kelgenin jasıra almay.

«Qattı bolsa da jeymiz».

— Má, mınanı sen je, — dep ǵarrı qawınnıń shopaqların toqıldawıqqa usındı.

Samal menen Nurnazardıń baslaǵan gúrrińi dawam ettirildi.

— Shopaqtı jerge ekkennen keyin, — dedi ǵarrı. — Ana jer qoynında jatıp ónedi. Jer nár berse, quyash ıssılıq beredi. Solay etip, shopaq murt shıǵarıp, ónip shıǵadı. Pálek jerden, quyashtan, suwdan nár aladı. Oǵan diyqannıń miyneti qosıladı. Ónip shıqqannan keyin túbin bosatadı, dombıqlaydı. Tez-tez páleklerin bir baǵdarda ósiwi ushın qarıqqa túskenlerin sırtqa shıǵarıp qoyadı.

Ǵarrınıń aytqanlarına tolıq túsinbese de, atasınıń atızında júrgenlerin kóz aldına keltirip, onıń háreketlerin esledi.

— Qawın nege jatıp ósedi? Eriktey aspanǵa óspeydi?

— Qawınnıń pálekleri ázzi boladı. Túynegin kótere almaydı. Sonlıqtan da jatıp ósedi.

«Qawınnıń ishinde shopaq qayaqtan payda boladı?», dedi toqıldawıq ǵarrı bergen shopaqqa tırsıyın toyıp alıp.

Ǵarrı kúldi.

— Áy, qızıǵıwshılar-áy. Qayaqtan payda boladı? Jaratılısı sonday da. Tábiyattıń ájayıbatlarınıń biri ǵoy.

Ǵarrı óz juwabına ózi qanaatlanbadı. Basqalardıń da tolıq túsinbegenin bilse de qarap qalmay juwap bergenine quwandı.

«Qalayınsha?!», dedi pıshıq hár qashanǵı qırsıqlıǵına barıp: «Tábiyattıń ájayıbatlarınan? Eriktiń ishinde

shańǵalaq. Júzimniń ishinde tuqım, qawınnıń ishinde shopaq...».

— Bunı da jaratılıs deydi. Hárbir shóp-shar, janzat uslayınsha ózlerine ılayıq jaratılǵan. Solay boladı.

Nurnazar ele de atasınan anıǵıraq sorawdı oyına túyip qoydı. «Atam bárin aytıp beredi» dep gúbirlendi. Biraq, ol neni soraytuǵının, atasınıń neni aytıp beretuǵının bilmes edi.

## JOLDA

Qawın atızdan shıqqannan keyin de biraz júrdi. Qawın bergen ǵarrınıń olarǵa aytqan sózi, qawınlar menen qosılıp sol atızda qalıp ketti.

— Kún bolsa awıp baratır. Úylerińizge qaytıń. Kóp júre berseńiz adasıp ketesiz. Qarańǵı túsip qalsa úylerińizdi de taba almay qalasız, — degen edi ǵarrı.

Biraq, báriniń basshısı Nurnazardıń hesh úyine qaytqısı kelmedi. Onıń bar oyı atasınıń pulsin tawıp alıp, atasın quwantıw edi. Pulsin tawıp alǵannan keyin atası, álbette, Nurnazar menen úyine qaytadı. «Meniń balam aqıllı, atasınıń pulsin tawıp berdi» dep aldına alıp otıradı. Hámmeniń aldında maqtaydı.

Toǵaylıqtan shıǵa bergende aldınan kesirtke juwırıp ótti. Kúshik penen bala pıshıq izinen quwalap ketti. Kesirtke kózden ǵayıp boldı. Olar ekewlep shópliktiń arasın tinte basladı. Samal bolsa olardıń biymáni háreketlerine ishek-silesi qatıp kúldi.

«Nege kúleseń?», dedi kúshik penen pıshıq ekewi birden.

«Kúlmey qalay shıdap turayıq», dedi samal ısıldap: «Sizler ulıwma basqa jaqtı qarap júripsiz? Kesirtke álleqashan basqa tárepke qashıp ketti. Inine de kirip úlgerdi».

«Sizlerdi uslap aladı ǵoy dep, men aralasqan joq edim», dedi toqıldawıq sózge aralasıp: «Bolmaǵanda inine kirgizbey uslap alatuǵın edim».

«Awa. Sen de maqtan», dedi ala kúshik ashıwlanıp: «Uslaytuǵın bolsań qayaqta ediń. Sen de usı jerdeseń ǵoy...».

— Tartıstı qoyıń, doslar, — dedi Nurnazar olardıń sózin bólip. — Onnan da pulsti izleyik. Samal puls hesh jerde kórinbey me?

«Hesh jerde kórinbeydi», dedi quyash samaldan burın juwap berip. «Men kórmegende páste júrip samal qalay kóredi».

Quyash óziniń biyikte turıp kóp nárse kóre alatuǵınlıǵın bildirip úlgerdi.

## SHAYQAS

«Al, bóri kiyatır», dedi samal quyashtan kem qıraǵılıq etpeytuǵının bildirgisi kelgendey: «Qashıń. Toǵayǵa qashıń. Sizlerdi jep qoyadı».

Olar birden qorqısıp qaldı. Kúshik penen pıshıq bóriniń atın esitiwden Nurnazardıń ayaǵına tıǵıldı. Toqıldawıq pır-pırlap olardı aylanıp ushıp júr.

— Endi ne qalamız? — dedi Nurnazar hámmege soraw taslap hám birden kúshikke qaradı. — Sen nege meniń ayaǵıma oralıp atırsań. Iyt qusap bórige hújim etpeysen be?

Ala kúshik ata tegi esine túsip Nurnazardıń ayağın panalağanına qısınıp, moynınıń júnin úrpeytti.

«Sizler qashıp terekke miniń. Men bórini quwıp salaman», dedi qorıqqanın bildirmewge háreket etip.

— Joq, — dedi Nurnazar. — Bir ózińniń kúshiń jetpes. Hámmemiz sağan járdem beremiz.

Nurnazar jolda jatırğan qızıl jıńğıldı qolına aldı. Ol jigerlengennen keyin hámmesinde de batıllıq payda bola basladı.

«Men ushıp barıp tóbesinen shoqıyman», dedi toqıldawıq batırsınıp. «Qáne, kelsinshi bir kóre qalayın».

«Jaqınlap qaldı», dedi samal hújimge tayarlanıp atırğanlardıń dıqqatın bólip.

Samal sózin aytıp úlgermey-aq bóri olarğa taslandı. Ala kúshik qarsı shawıp edi. Bóri qulağınan tislep ılaqtırıp jiberdi. Ala kúshik «wańq» etip mayalıshtıń túbine jalp ete qaldı. Toqıldawıq shúy tóbesinen bar kúshi menen shoqıp, shoqıp aldı. Nurnazar qolına alğan qızıl jıńğılın bar kúshi menen siltep qaldı. Tóbesi awırğan bóri toqıldawıqqa qaray bergeni, tumsığına qızıl jıńğıl shırp ete qaldı. Qulağınan qan tamshılağan ala kúshik ornınan tura sala bóriniń sıyrağına jabıstı.

Bóri «wańq» etip kúshikke burılğan waqıtları Nurnazar qolındağı qızıl jıńğıldıń shıbığı menen qulaqshekeden qoyıp qaldı. Bóri Nurnazarğa aybat shegiwge oqtalğanda toqıldawıq pát penen ushıp kelip tóbesinen shoqıp-shoqıp aldı. Bala pıshıq aldıńğı eki ayağı menen jerdi tırnalap topıraq serpekshi bolıp háreketke kirisiwi

máttál samallar ısıldasıp pıshıqtıń payda etken topırağın bóriniń kózine qaray úpledi. Kózine shań quyılıp, ján-jaqtan hújimge ushırağan bóri boy taslawdan basqa ilaj ete alğan joq.

«Qashıń!», dedi quyash ala sapıran háreketke kúlkisin tıya almay: «Qashıń! Úlken terektiń basına shığıp alıń. Bóri, bálkim mine almas. Alıstan basqa bóriler kórindi. Onıń qańsılağanın esitse bári japırılıp kelip hújimge ótedi».

Olar bórini quwalap, jazalaw niyetinen keship, toğayğa qaray qashtı. Birinshi duslasqan terekke japatarmaqay asıldı.

Toqıldawıq terektiń shaqasına hámmeden burın minip aldı. Bala pıshıq ta tırmasıp órmelep baratır. Nurnazar menen ala kúshik miniwge qıynaldı. Jańa órmelep basladım degende, birinen soń, biri jerge jalp ete qaladı.

Samal menen toqıldawıq terekke dosların mingiziwdiń jolın taptı. Toqıldawıq uzın shaqanıń ushında otırıp alıp jerge qaray basa basladı. Samal bolsa kúshin jıynap úpledi. Nurnazar shaqağa qolın sozıp uslağan menen ala kúshiktiń boyı jetpey qıynaldı. Nurnazar ala kúshikti bir qolına uslap, iyilip turğan shaqağa asıldı. Biraq, shaqa olardı birden kótere almay iyiliwi menen qaldı.

Toqıldawıq qanatın bir qağıp basqa shaqağa ushıp ótti. Shaqa azı-kem boyın tiklewge háreket etti. Báribir tiklene almadı. Samal endi qarsı tárepke qaray úpledi. Shaqananıń ózi de jańa tanısların tóbesine mingiziw ushın bar kúshin salıp boyın tiklewge háreket etti.

Shaqa tiklendi, doslar qáwipsiz orınǵa shıǵıp aldı.

Nurnazar bekkem ornalasıp almay-aq, terekten atasınıń pulsin soradı. Hesh nárseden xabarı joq terek «bilmeymen» degendey shaqaların shayqaltıp qoydı.

— Qanday jaqsı! — dedi Nurnazar biyikten alıs-alıslarǵa kóz jiberip. — Júdá alıstı kóriwge boladı eken. Usınday biyik boyıń menen meniń atamnıń pulsin kórmegeniń qalay?

«Mennen de biyik nárseler bar. Aspan, quyash, samallar degendey» dep terek Nurnazardıń atasınan xabar ayta almaǵanına qısınıp mıńǵırladı.

— Bóri kiyatır! — dedi Nurnazar terektiń gápin esitip úlgermey-aq. — Berman qarap kiyatır. Biraq, bir ózi kiyatır.

Nurnazar endi ǵana ayqastı qaytıp eske túsirdi.

«Qorıqpa», dedi samal. «Bóri terekke mine almaydı».

Onıń aytqanın terek maqulladı.

«Awa, mine almaydı. Órmelemekshi bolǵan menen men órmelete qoymaspan».

Bóri kelip, qızıl tilin jalaqlatıp, awzınan silekeyi sorǵalap bularǵa tisin shıqırlattı. Órmelemekshi bolıp, terekke pánje urdı.

«Qattı asılıńlar», dedi terek. «Onıń sazayın beremen. Samal, sen de járdemles».

Terek qattı silkinip qaltıray basladı. Samal ısıldap bóriniń órmelewine múmkinshilik bermedi. Terekke órmelemekshi bolǵan bóriniń háreketinen hesh nátiyje shıqpadı. Terekten alıslaw jerge barıp júrelep otırdı.

Nurnazar terektiń «mennen de biyik nárseler bar», degenin esine alıp hám bóriden tez qutılmaqshı bolıp joqarılawdı, aspanǵa barıwdı oyladı. Bálkim, atasınıń pulsin sol jaqtan tawıp alar.

## AQ ATTÍŃ KELIWI

Tezlik penen ilaj kóriwge kirisip otırǵanda «taq-taq» etken ses olardıń dıqqatın tarttı.

Alıstan ósik jalları jelbiregen at bularǵa qarap shawıp kiyatır. Kem-kem jaqınlaspaqta.

Taqır-tuqırdan qorqıp ketken bóri zıp berip bir tóbeniń basına shıǵıp alıp bulardı gúzetti.

Ala quyın bolıp shawıp kelgen aq at terektiń túbine kelip birden toqtadı. Izine jete almay kiyatırǵan shańǵıt zıp berip bulardıń tusınan ótip ketti.

Ala burqan shańǵıtqa da itibar bermesten aq at bularǵa qarap kisnedi.

«Sizlerdiń shawqımıńızdı esitip qalıp alıs-alıslardan shawıp kiyatırǵanım», dedi aq at pısnap, ózin zorǵa basıp. «Qayaqlardan keldińiz? Bul átirapta sizlerdey doslardı kórmedim ǵoy».

Nurnazar juwap berdi.

— Atamnıń pulsi joytılıp qaldı. Puls izlep júrmiz. Atam da joq. Ol da pulsin izlep ketken. Tawıp alsam, atama alıp barıp berer edim. Atamdı júdá saǵındım.

«Awa», dep juǵırlastıp dosları. «Bizler de puls izlep júrippiz. Nurnazardıń atasın hám pulsin tappaqshımız».

«Júdá jaqsı!», dedi aq at dıqqat penen tıńlap. «Biraq, bul átirapta seniń atańdı da, onıń pulsin de kóre almadım! Bálkim, aspanǵa ushıp ketken shıǵar».

At aspandı bası menen nusqaǵan waqıtları hámmesi birden kórip qalatuǵınday alıs aspanǵa kóz juwırttı.

— Áy, yaǵ-á! — dedi Nurnazar biraz qarap turıp, kóz jeter jerde hesh nárse kóre almaǵannan keyin. — Aspanda hesh nárse kórinbeydi. Hár jer, hár jerde bultlar todası ılaǵıp júripti.

«Sol bultlardıń arjaǵında ne bar bilmeyseń ǵoy», dedi at pısqırınıp. «Bálkim, bultlar búrkep jasırıp turǵan bolar».

«Bultlardıń arasında» degen qıyal Nurnazardı quwandırıp jiberdi. Biraq, quwanıshı uzaqqa barmadı. «Ol jaqqa barıw múmkin emes» dep oyladı. Qus bolıp ushqısı keldi.

— Ol jaqqa qalay baramız? — Qıyalı tiline urdı. — Ya bárimiz toqıldawıqqa qosılıp ushamız ba?

«Ol da boladı. Biraq, hámmeńizdi men-aq alıp baraman. Izlep júrgen pulsińdi sol jaqtan tabarmız, bálkim».

Aq attıń pikirin samal maqulladı.

«At durıs aytadı. Hámmemiz ushamız. Bir jerde bolamız, bir-birimizden ayırılmaymız deseńiz, attıń ústine minip alıń. Kettik. Ís-s».

## SAPAR ALDÍNAN

Bulardıń gáplerin putanıń artında júrip esitken bóriniń de háwesi kelip ketti. Aspanǵa júdá-júdá

ushqısı keldi. Biraq, meni de alıp ketiń dep ayta almadı. «Bağanadan beri olardı qansha qorqıttım. Sál bolmasa birewlerin mayırıp qoya jazladım. Ala kúshiktiń qulağınan tislep ılaqtırıp jiberdim. Bóri óziniń jónsiz háreketinen júdá qısındı. Óziniń birinshi bolıp hújim etkenin umıtıp, «Olar da urdı ğoy, qulaq shekem, tumsığım, ayağım ele awırıp júripti. Ózleri de ayağan joq».

Bóriniń pikirin samal ańlap qaldı.

«Sen júdá uyatsız bóri ekenseń ğoy. Olardıń sağan qanday zıyanı bar edi. Óziń topılıs jasağannan keyin urmay, tura beriw kerek pe? Olar júdá dos. Biri-birine jábir bergizip qoymaydı».

Óz háreketi menen qıyalınan uyalğan bóri biraz únsiz turıp, samalğa jalına basladı.

«Sizlerdiń aspan saparıńızdı esitip dım háwesim kelip ketti. Meni de alıp ketiń».

«Sonsha háreketińnen keyin olar menen qalay dos bolasań. Ashıwlanıp at bir tepse, mańlayıń qaq ayırıladı».

Bóri óz isine pushayman bolıp, hesh nárse ayta almay otırıp qaldı. Qorlığı kelip, kózinen jas shığıp ketti. Ozbırlığına ókindi.

Doslar arasında aspan saparı haqqında ğawır-ğawır gápler dawam etti. Qalayınsha ushıw kerekligin, kim qay jerde otırıw kerekligin aytısıp, biraz sóylesip turdı. Bala pıshıq hesh sózge aralaspay aspanğa bir, doslarına bir qarap jaltaqlap turdı. Qanshama terek baslarına órmelep júrse de alıs aspanğa ushıp barıwdı qıyalına da keltire alğan joq. «Órmelep minip kete

beretuǵın uzın sútin bolsa eplep kele berer edi». Ala kúshik bala pıshıqtıń qıyalın ańlap qaldı.

«Sen záńgi bolsa, órmeler edim dep otırsań. Al, záńgige de mine almaytuǵın men ne qılaman. Jańa ǵana terekke qalay mingenimdi óziń kórdiń».

«Qáne, oylasıqtı juwmaqlayıq!», dedi aq at aldıńǵı ayaǵı menen jerdi bir tewip. «Qáne, bolıń, kettik».

Bóri ele ne qıların bilmey sarsań bolıp júr. Attıń «al kettik» degenin esitken sayın háwesi arta túsedi. Meni de alıp kettiń dep aytıwǵa batına almaydı. Talay oqtaldı. Attıń ashıwı kelip baqırıp taslawınan qorıqtı. Baqırıp qoya qoysa ne jaqsı! Uzın ayaqları menen qaq mańlaydan, ya ash búyirden bir tepse jılawǵa da shamań kelmey qaladı.

Qasaqana qılǵanday aq at ta dosların ústine miniwge mirát etti.

«Bolıń, hámmeńiz miniń, ústime minip jayǵasıp otırıp alıń. Aspanǵa sapardı baslaymız».

Terekke taqalıp jawırının tutıp turǵan attıń ústine dáslep Nurnazar mindi. Basqaları gezek penen jaylasa basladı. Toqıldawıq pır etip ushıp, attıń shúy tóbesinde eki qulaǵınıń ortasına jaylastı.

«Kettik».

Hámmesi birden aytqan soń jańǵırıp uzaq-uzaqlarǵa tarap ketti.

## BULTLAR ARASÍNDA

Nurnazardıń doslarınıń kewli ál aspanda. Bultlar arasında gezip júripti. Olar bultlar todasına kirip

ketkennen keyin jer betindegi toǵaylar shókken túyelerdiń órkeshindey bolǵan qumlar shoqqısı, dáwdiń kózlerindey bolıp kórinip turǵan kóller, túsip qalǵan arqanday sozılıp jatırǵan jap-salmalar, bári, bári bultlar perdesi artına jasırındı. Úlken dáw barlıǵın kórsetkisi kelmey perde tutıp taslaǵanday. Kóship júrgen bultlar shoqqısınan basqa hesh nárse kórinbeydi. Tandırdan shıqqan tútindey bultlar qalǵıp júr.

Sapar tartqan jolawshılarına tosqınlıq etip, olardıń tezirek ushıwına kesent etedi.

Hawada ushıp júriw sonsha zawıqlı bolsa da, puls Nurnazardıń esinen bir zamatqa da shıqqan joq. Bultlardan soraydı. Olar «Kórmedik» degen juwaptan basqa hesh nárse ayta almaydı. Zońq etip bult arasınan shıǵıp, kúlip turǵan quyash ta olardı quwantqanday hesh nárse ayta qoyǵan joq.

Endi olar oylasa basladı. Bultlardıń arasınan taba almaytuǵınına kózleri jetip, taǵı da jerden izlewge kelisti.

Joqarı qaray kóterilgennen tómen qaray quldıraw anaǵurlım ańsat hám qolaylı boldı. Bult todasınan jańa ǵana shıqqan Nurnazardıń kózine keń kólemdi alıp jatırǵan suw kórindi. Mágar, sol suw ishinde emes pe eken degen oy keldi. Baǵdarın kólge tuwrıladı.

— Suw ishinde bolıwı múmkin. Basqa hesh jerde joq. Endi kólge túsip kóremiz, — dedi Nurnazar doslarına.

Bul usınıstı hámme maqul kórdi.

Toparlasıp barlıǵı pát penen suwǵa boyın tasladı. Sonsha tezlik penen kelgen olar kóldiń túbine shógip ketti. Hárkim ózinshe tarmasıp suwdan shıǵıwdıń háreketinde. Nurnazar ári-beri talpınıp edi, suwdıń júzine shıǵa almadı. Mantıǵa basladı. Hawa jetpey bir neshe márte suw jutıp aldı. Qısılıp baratır.

— A-a-a! — dep qattı baqırıp jiberdi.

Óz dawısınan ózi shorshıp oyandı.

Barlıǵı da atasınıń qoltıǵına basıp tıǵıp uyqılap jatıp kórgen túsi ekenin birazdan keyin bildi.

*2013-jıl.*

## EDIGENIŃ TUWÍLÍWÍ

Erte-erte zamanda, Qırantaw-Kerder tamanda, tağı kópke málim, xalıqqa qáwender, ǵáripke ámeńger, bir azamat ótken eken, ózi haslı sheshen-alım, shabandoz Baltaqıya degen bahadır elge biylik etken eken. Jaqsını serleydi eken, jamanǵa ermeydi eken. Onıń saqıylıǵı, bir sózligi ayırım kimselerge onsha jaǵa bermeydi eken.

Bir kúnleri Baltaqıya ǵayıp bolıp qalıptı. El ishine hárqıylı ǵawasat taraptı. Hárkim hárqıylı boljaw aytıptı. «Tegin onsha alıslatpaydı, peri kóterip ketken» degen gápler kóbirek aytılıptı. Qullası, Baltaqıyanıń sırlı joǵalıwı qupıya bolıp qalıptı.

Burınları batına almay júrgen, dushpanları úyir-úyir jılqıların, pada-pada malların, otar-otar qoyların aldap alıp ketti.

Qostarınan hám mal-dúnyasınan ayırılǵan Altınshash arıw, qáwendersiz qalıp heshkimge bildirmey bir túnde ol da ǵayıp bolıptı.

Qursaǵındaǵı altı aylıq náresteni saqlap qalıw ushın basın alıp ketken Altınshash ta quyınday ushatuǵın ilahiy qásiyet payda bolıptı. Heshkimge isenbegen Altınshash birde Qırantawda bolsa, bir zamatta teńiz jaǵasınan bir-aq shıǵatuǵın tárizli.

Qayda ushıp ketse de arğı atası «Túkli Áziz» mákan etken «Qubırlı» degen mákandağı bayterektiń astında túneydi eken. Óytkeni, ana usı terektiń astına kelgende jağımlı salqın samalın jutıp, ózi bir ráhátke bólengendey boladı eken.

Kúnlerdiń kúninde Altınshashtıń ayı-kúni tolıp, qoshqarday ul tuwadı. Sol jerde allağa amanatın tapsıradı.

Ul balanıń dúnyağa kelgenin sezgen peri ushıp kelip, qundaqlaydı. Quyash nurı menen awızlandıradı. Sırtqı qáwipten qorğap, terektiń túbesine kepter bolıp ushıp shığıp otıra beredi.

## EDIGE QUTLÍQÍZ TÁRBIYASÍNDA

Ómirinde hesh jaqsı sóz esitip, mehir kórmegen, tágdirine árman pitken Qutlıqız shorı hár kúngi ádetin islep tezek teriwge shıqtı. Búgin kúndizgiden kóbirek tezek terip báybishege jaranbaqshı bolğan shorı awıldan alıslap ketti. Arman-berman kóp júrip, kóp júrse de mol júrip, sharshap dus kelgen bayterektiń sayasında dem aldı. Bir payıt qulağına nárestenıń ıńırsığan dawısı esitilgendey boldı. Átirapına qaradı, hesh nárse kórinbedi. «Usı qula dalada náreste ne qıladı? Qulağıma esitilip atırğan shığar» dep oyladı.

Qulağına birewdiń sóylegen sesti de esitildi.

— Ne qılıp atırsań? Nárestenıń sesti shıqtı. Elestirmediń. Adam da bunshama itibarsız bola ma eken. Ján-jağıńa qara, — dedi dawıs.

Qutlıqız birden qorqıp ketti. «Meni jin urayın dep turǵan joq pa ózi? Bir kemisim usı edi. Jinli adamdı kim úyine kirgizedi. Quday usı kúnimdi de kóp kórdi me? Endi dalada qalıp, ashtan óletuǵın shıǵarman», dep ornınan ushıp turıp, alaqlap átirapın shola basladı.

Állenemirde nárwan terektiń shaqasına ilinip turǵan bir nárseni kórip, birotala qorqıp ketti. «Kózime túrli nárse kórine basladı. Anıq quday urdı ma deymen», dedi gúbirlenip.

Bayterekke biraz qarap turdı.

— Ne qılıp turıpsań, qaqqan qazıqtay bolıp? Kózińe kórinip turǵan náresteni al da bawırıńa bas, — dedi jańaǵı dawıs.

Bul kózge kórinbey shorıǵa aytıp atırǵan peri ekenin ol abaylamadı da.

«Ne de bolsa kóreyin» dep jılıslap barıp qol sozdı. Bir nárestenıń qundaqta jatıp, kúlip turǵanın kórip esinen ayırıla jazlap qaldı. — Qudayǵa shúkir, táńirim meniń kóz jaslarımdı kóripti, dadımdı esitipti, — dep náresteni bawırına bastı.

Quwanıshtan kóz jasları sel boldı. Kókiregi jibisip iyip sala berdi.

Qutlıqız gódekke jórgek izlep áwerelenbedi. Izlegende de taba almas edi. Periniń qundaǵı onı bul áweregershilikten qutqardı.

Baydıń shorısı tezek teriwge ketkende bala qundaqta bar ózi qalar edi. Sonday waqıtta peri kózge kórinbes bolıp kelip, baladan xabar alıp turar edi. Periniń ushıp kelip, ketip júrgenin heshkim bayqamas ta edi.

Qutlıqız hár kúni daladan kelgende óz awqatınan awqatlandırmaqshı boladı. Biraq, náreste jarıtıp hesh nárse jemeydi. Tawıp alǵan balası biytaplanıp qalmadı ma eken dep táshwishlenedi. Biraq, kórinisi, balanıń tınısh uyqılawı bunday gúmannan qutqaradı.

Qutlıqız balanı heshkimge aytpay baǵa berdi. Ele meniń de qolım uzayıp, ıǵbalıma erisermen dep óz qıyalınan más bolıp jasay berdi.

## SULTANNÍŃ GÚMANÍ

«Dushpanım» dep biletuǵın Baltaqıyadan qutılǵan Ismayıl sultan óz órisin keńeytip shad bolıp jasay berdi. Bir kúni álemde ne bolıp atır eken? Keleshekte ne boladı eken? dep kózashıq sáwegóyge sáwe ayttırdı, palkerge pal ashtırdı.

— Dúnyaǵa bir bala keldi. Óz qundaǵı menen payda bolǵan bala anasınan juda bolǵan. Biraq, usı bala elińe qáwip dóndiredi. Endi ájeliń sonnan bolatuǵın qusaydı, Tuwılıwdan-aq anasınan ayırılǵan. — dedi olar.

— Meniń dáwletime qáwip tuwdıratuǵın kim eken? Sandıraqlamay durıs sóyle, — deydi kewli ósken Ismayıl sultan olarǵa qáhárlenip.

Sáwegóy awırıp qaldı. Palker qorıqqanınan qayta qumalaq tasladı.

— Meniń bir qasıq qanımnan keshiń. Men qumalaqtıń sóylep turǵanın aytıp atırman. Basqasha bolıwı múmkin emes, — dedi.

— Al, onda sol bala qayaqta?— dedi sultan aybat shegip.

— Qırantawdıń shıǵıs qaptalında kórinedi.

— Anıǵın ayt. Onday bala kimge nesip etipti?!

— Anıǵın bile almayman. Bardamlı bir úydiń átirapında kórindi. Bir shobıtlardıń arasında...

Bárin qolǵa uslap bergendey etip aytıwǵa, peri palkerdiń kózin baylap taslar edi. Jol bermey atırǵan edi.

Ismayıl sultan jan iynine ot túsip, Qırantawdıń qaptalın, Kerder qalanıń batısın kóz aldına keltiredi. Tulım xoja kóz aldına kele berdi.

## TULÍMNÍŃ ÚYINE HÚJIM

— Sol átiraptaǵı bardamlılardıń biri Tulım xojadan basqa kim bolıwı múmkin. Palǵa ilingendey bala onda ne jesin: Onıń bes hayalı da tiri. Ólgende namazı bolar edi. Táwekel, sol jerdi izlep kóriwimiz kerek, — dep sultan jigitleri menen Tulım xojanıń úyine bastırıp bardı. Úyiniń ishin astan-kesten etti. Taba almadı. Kórmegen jeri qalmadı. Shorınıń túneytuǵın jerine shekem tintip kórdi.

Qáwipti sezgen peri ushıp kelip, olardıń kózin baylaydı. Balanı kóre almaytuǵın etip tasladı.

Hesh nárse taba almay sharshaǵan sultannıń jigitleri izine qayta berdi.

Qáhárge mingen sultan taǵı da palkerge bardı.

— Sen, nege bizdi aldaysań. Biziń nókerler hesh nárse taba almay qaytıp keldi. Durısıraq qara, — dedi.

— Nókerler shamalasıp-aq barǵan. Negedur pal anıq kórsete almay atır, — dedi palker.

Ismayıl sultan taǵı da adam jiberdi. Tawıp óligin alıp kelińler dedi.

Tulım xoja áskerlerdiń biybastaqlıǵına qattı ashıwı kelip qarsılıq kórsetedi. Kóp-kópligin islep jáne tintiw baslandı. Xojanıń urası, qorasına shekem izledi. Taǵı xojanıń jigitleriniń qarsılıǵın jeńip úyiniń ishlerin birme-bir tintedi.

Qáwipten xabar tapqan peri ana balanıń qasında payda bolıp, láshkerlerdiń kózin baylap náresteni qutqarıp qaladı.

Sultannıń jónsiz háreketleriniń izi úlken dawǵa aylanıp, qan tógispege shekem baratuǵın boldı.

Qáhárge mingen Ismayıl sultan:

— Bizdi aldap, qırılastırayın dep hiyle qılıp atırǵan palkerdiń tilin suwırıp alıń, — deydi jigitlerine.

Láshkerler palkerdiń úyine bastırıp kirip barǵan waqıtları suw qısımlap qaladı.

Palker ózine dóngen qáwipti aldın ala sezip bas panalap qashıp úlgergen edi. Al, sáwegóy kempir o dúnyaǵa atlanǵan eken.

## TULÍM BALALÍ BOLDÍ

Jas úlkenlerdiń qáteresi menen ózin basqan Tulım xoja, birden umıtıp kete qoymaydı.

Kún-túni oylap, aqırı bes hayaldıń úlkeni báybishege jarıldı.

— Ismayıl sultan teginge úyge at shaptırıp júrgen joq pa deymen, — dedi. — Sáwegóydiń ólimi, palkerdiń de joǵalıp ketiw de sırlı. Usı jerde bir nárse joq pa eken?

— Meniń de aqılım hayran. Sultannıń hiylesi me ya kózashıqlardıń aytqanı durıs pa, bilmedim. Endi tuwılatuǵın náreste dewge bizlerdiń heshbirimizdiń boyımızda joq.

Báybishe birden oylanıp qaladı: «Toqallarımnıń birewi sır saqlap, birden xojanı quwantayın dep júrgen joq pa eken. Onday bolsa, toqaldıń aldında baham qalmaydı ǵoy. Bulardı anıqlap kóreyin», dep oyladı.

Báybishe juwhalıq penen toqallardı birimlep shaqırıp kewillerine qol salıp kórdi. Gúman etkendey hesh nárse anıqlay almadı.

Tún yarımında dalaǵa shıǵıp baratırıp nárestenıń kúlkisin esitip qaldı.

Qulaǵına isenbey ótip kete beredi. Náreste haqqında kóp oylaǵannan shıǵar dep oyladı. Taǵı birde sol hádiyse qaytalandı.

Báybishe heshqashan basın suqpaytuǵın shorınıń ılashıǵına qalay kirgenin bilmey de qaldı.

Kóz aldında xan balasınday qundaqlanǵan nárestenı kóterip, qawın qaraqshıday qatıp turǵan Qutlıqız shorı turar edi. Ekewi de únsiz bir-birin gúzetip turıp qaldı.

Báybishege til pitti.

— Bul balanı qaydan aldıń? — dedi ózin qoyarǵa jer taba almay.

— Apa, boyımda bar edi... — dedi shorı awzına basqa sóz túspey.

— Meni aldayman dep oylama!

— Aldap turǵanım joq, apa...

— Sen túwe maǵan da nesip etetuǵın bala emes, bul. Tilińdi shaynamay, durıs ayt.

— Apajan, bir qasıq qanımnan keshegór, — dep shorı balanı qaptalǵa qoya salıp, báybisheniń ayaǵına jıǵıldı.

— Hámme oyqanınıń bárin sen islep júrgen ekenseń ǵoy.

— Keshiregór, apajan. Durısın aytayın...

Qutlıqız shorı barlıq waqıyanı bayan etti.

— Solay bolsın, aqırı, — dep báybishe azı-kem háwirinen túskendey boldı.

— Bul sizge ılayıq, apajan, — dep shorı balanı usındı.

— Yaqshı! — Balanı qolına aldı. — Sonsha awdar-teńkerde bul bala qayaqta edi. Ismayıl sultan qalay kórmegen.

— Bilmedim, apa, bilmedim. Barlıq waqıtta usı jerde jatır. Ózi qundaqlanǵan.

Báybishe «Shınında da, bul balada bir káramat bar» dep oyladı.

Tulım xojanı quwantıp, ǵayıptan tapqan balanı óz etegine saladı.

— Qartayǵanda tuwıp aldım, — dep kópshilikti isendiredi.

Azan aytıp, atın Edige qoyadı.

## SAPLÍNÍŃ QOLÍ SÍNĞANDA

Edige kún sanap óse basladı. Qatar balaları menen gúres tutısıp oynağan waqıtları heshbiri oğan dádimal ayta almaydı. Balalar onıń menen gúresiwge qorqadı. Balalar arasında «Edige palwan, Edige kúshli» degen sózler júredi. Bunı esitken Baqanlınıń balası Saplı degen úlken jastağı bala gúresiwge shaqıradı.

Qorqıw degenniń ne ekenin bilmeytuğın Edige qayıl boladı.

Saplınıń joraları «Uyalmaysań ba, kishkene bala menen gúresiwge» dese de tıńlamaydı.

— Bunıń pirin arqasına tańayın. Awılda jıqpağan bala qalmadı ğoy. Atın esitkennen balalardıń júregi zırq etedi. Usınshama kim bolıptı ol? — dep gúresiwge tayarlanadı.

Ele Edigeniń bilegin uslap úlgermey-aq jalp ete qaldı. Joraları «wa-ha-ha»lasıp kúlisti.

Arı kelgen Saplı:

— Bul durıs emes. Men uslamay otırıp sen shaqqanlıq ettiń, qaytadan gúresemiz, — dedi.

Joraları Saplığa tağı qátere saldı.

— Endi qoya ğoy. Qáytse de seni jıqtı ğoy. Jas balanı mayırıp qoyarsań, — dedi.

Olardıń gáplerine qulaq aspay gúreske tústi.

Bul ret uslasıp bolğansha Edige hesh háreket etpedi. Ol belinen qapsıra qushaqlap uslap alğannan keyin «al boldı ma?» dedi de qağıp tasladı. Qur bolıp aylanıp, tamashalap turğan balalar ańlamay qaldı.

Shań burq ete qalǵan waqıtları «wáy, iynim» degen dawıs shańǵa qosılıp joqarıǵa shıqtı.

Balalar way-waylap atırǵan Saplını shańnıń arasınan kóterip alıp úyine apardı.

Baqanlı bay erkesiniń qaydaǵı Edigeden jıǵılıp, iynin sınǵanın bilgennen keyin tilin tislewden basqaǵa ilaj ete almadı. Beline kelmeytuǵın baladan jıǵılǵanına qalay daw aytadı.

Saplınıń joraları Edige menen qızıǵıp qaldı. Jorasınıń jıǵılǵanına arlanıp birme-bir gúreske tústi. Birde-birewi Edigeni jıǵa almay murnı uwılıp úylerine qayttı.

## EDIGENIŃ MERGENLIGI

Edige bir ózi toǵayǵa barıp sarıjay soǵıp qoyan, qırǵawıl atatuǵın ádetti shıǵardı. Onıń bul ádetin ańlıǵan awıldıń balaları ósh alıwdıń máwriti keldi dep quwanısıp qaldı.

Balalar gúres waqıyasınan keyin Edigeni jerge bir qaratıwdıń jolın taba almay júrgen edi.

Saplınıń jorası Ersıdıq, «Ayqabaq» atıw saltın shólkemlestirdi. Awıldıń ortasındaǵı úlken alańǵa shıǵıp, baǵan basına qabaq qıstırdı.

Hárkimge úsh oqtan atıw shártí qoyıldı. Kim jeńilse, eshek bolıp aqırıp beriw kerek dep daǵazaladı.

Ózlerin mergenmen dep júrgen úsh bala ortaǵa shıqtı. Basqalarınıń júregi dawamadı.

Birinshi náwbet Ersıdıq penen jaslı balaǵa berildi. Onıń bir oǵı qańǵalap ketti. Ekinshisi qabaqtıń awzın

ushırdı. Úshinshi ret atqanda zorǵa ǵana qabaqqa barıp shanshıldı.

Hámmeniń isenimine erisiwge házirlengen Ersıdıq sarıjaydı kerip tartıp jiberip qaldı. Qabaqqa shanshıldı. Balalar quwanısıp shuwlasıp ketti. Ekinshisi de qáte ketpedi. Ózine isengen Ersıdıq júdá menmensip balalarǵa bir, Edigege bir qarap sarıjaydı tartıp qaldı, oǵı qańǵıp barıp, qabaqtı baylap qoyǵan baǵanǵa tiyip jerge tústi. Hám tım-tırıs bolıp qaldı.

Ersıdıq qáytkende de Edigeni úsh jebesin teńdey nıshanaǵa tiygize aladı dep oylaǵan joq. Sonlıqtan da, kewlin onsha shóktire qoymadı.

Edigeniń birinshi oǵı qabaqtı tesip, ekinshi qaptalına shanshıldı. Ekinshisi de qáte ketpedi. Úshinshi ret qabaqtı pútkilley tesip ótti.

«Jasa, Edige!» degen dawıslar jańlap ketti.

Jeńilgen balanıń shárt orınlawı hámmeni kúlkige keneldirdi. Bir sózli xalıqtıń balası bolǵan Ersıdıqtıń jorası sózinen taya almadı. Ortanı aylanıp, eshek bolıp ańqırıp shapqılap júrdi.

«Jıǵılǵan gúreske toymaydı» degendey Ersıdıq balalardı «qadamashaq» oyının oynawǵa kóndirdi.

Hár balanıń qolında ermanı jıńǵıldan soǵılǵan nayza bolatuǵın edi. Sol nayzanı on qádem jerdegi sabannan soǵılǵan kepke qadaw kerek edi.

Kim jeńilse murnına, betiniń almasına kúye jaǵıp, ortada qosıq aytıp júriwi kerek dep shárt qoyıldı.

«Qadamashaq» jarısında da Edige jeńimpaz boldı. Jeńilgen bala ortada júrip balalarǵa tamasha kórsetti.

Oyınǵa toymaǵan balalar qasharman top oynawǵa kirisip ketti. Sharshaǵansha oynadı. Izinde Edigeniń alǵan dawınan ushıp ketken top qalıń búktiń arasına túsip, bári izlew menen áwere boldı. «Toptı erteń izleymiz», dep úylerine tarqastı.

## EDIGE — BALALARDÍŃ BASSHÍSÍ

Edigeniń balalar arasındaǵı abıroyı arta berdi. Ol balalardı izine ertip, toǵayǵa barıp, sarıjay, nayza soqtı. Qolınan kelmegenlerge úyretti. Alańǵa shıǵıp alıp, hár qıylı oyınlar shólkemlestirer edi.

Ásirese, toǵıztomalaq oynaǵanda, onı utıw múmkin bolmadı.

Ata-anasınıń jumsap otırǵan balaların mollanıń qursawınan qutılǵannan keyin ózlerine qural-jaraq soqtırıp, «urıs-urıs» oynawǵa ertip kete berip, awıldı biyzar etti.

Awıldıń adamları Tulım xojaǵa shaǵım jasadı.

— Sen nege sonshama tárbiyasız bolıp baratırsań, — dedi Tulım xoja. — Seni ne qılsam eken?

— Ata, hesh nárse islemey-aq qoyıń, — dedi Edige basın tik uslap. — Oqıw-sawatım bar. Endi jılqı baqsam qáytedi.

— Jılqı baǵayın...

Xoja hayran bolıp balaǵa tigildi.

— Awa, ata, jılqılardı júdá-júdá jaqsı kóremen.

— Kimniń jılqısın baqpaqshısań? Ózimizdiń jılqılarımız bar. Joq bolǵanda da sonsha jılqını saǵan isenip tapsıra almaspan.

— Ǵam jemeń, ata. Janmurat atamnıń jılqısı jaylawǵa sıymay, jılqımanlar qıynalıp júrgen qusaydı.

«Birewdiń qolında islese, tárbiyalanıp adam bolıp qalar» degen oy menen kelisim berdi. Onıń miynet haqısına beriletuǵın jılqınıń óz jılqısına qosılatuǵının da yadtan shıǵarǵan joq.

Edige Janmurat baydıń jılqı baǵıwshısı bolıp, basqa jılqıman, shopan, padashılarǵa qosıldı.

## EDIGE TÚS KÓRGENDE

Qopalıqlarda úyir-úyir bolıp júrgen jılqılar Edigeniń qıyalın biylep aldı. Hárqaysısına bir minip shapqısı keledi.

Edige jılqılar menen birden júyirkelesip ketti. Olardıń háreketlerinen pikirin ańlay baslaǵanın sezedi.

Qalıń qopanıń basına shıǵıp alıp quyashlamada qıyal súrip jatıp uyqılap ketedi. Tús kóredi. Túsinde bir aqsaqallı qariya menen ushıp júrgenin kórdi. Shapanınıń eki shalǵayın eki qanat qılıp ushıp júrgen qariya Edigige sóyley baslaydı.

— Sen bunday bolıp jılqınıń izinde ómirińdi ótkerip alma, balam, — deydi qariya samal menen jelkildep turǵan appaq quwday saqalın taramlap. — Seniń ornıń xan sarayında. Sen ele altı ayda mına shetinen arǵı shetine jetetuǵın usı úlken sahranıń iyesi bolasań. Óytkeni, arǵı babań — Mańǵıtlardıń atası Qoyıldır baba júdá dilwar, xalqına ádil hám qayırqom bolıp

ótken. El biylegen sheshen adam. Temirshiniń ózi babań menen oylasıp, aqılın alıp júrgen. Túkli babań da tegin adam bolmaǵan. Jurtshılıq ol babańdı «Káramat áziz» deydi. Sen — sonday jaqsılardıń tuqımısań. Jılqıshı atadan keyingi jılqılardıń piri bolasań, balam. Toqtamıstıń nahaqlıqlarınan jábir shegip atırǵan xalqıń seni kútip atır. Seni hámiyshe iyem qollaydı.

Edige shorshıp oyandı. Birazǵa shekem ózine kele almay otırdı. «Men qalayınsha jurtqa aǵa bolar ekenmen?» dep oylap qoydı. Ádil xan bolıw armanı júreginde ornıǵıp qaldı.

## EDIGE USHA ALADÍ

Onıń qıyalın ayǵırlardıń qıyǵırısqan dawısları bólip jiberdi. Qarasa kóz ushında úyir basshıları — eki aygır shaynasıp otır eken. Bir-birin mayırıp qoyıwınan qáweterlenip juwıraman dep umtılıp edi. Óziniń qustay ushıp baratırǵanın bayqadı. Eki qoltıǵınan eki nárse kóterip baratırǵanday.

— Sen hayran qalma, — deydi eki birdey dawıs qosılıp. — Sen usha alasań. Bizler seni hámiyshe qollap turamız. Babańnıń qostarı bolǵan peri anań periler patshasınıń qızı bolǵannan keyin qasına barlıq waqıtları peri jumsaydı. Ózi de sennen tez-tez xabar alıp turadı.

Dawıs tınǵan waqıtları ózin aygırdıń üstinde kórdi. Biriniń ústinen birine sekirip ajıratıp aldı. Ómirinde ústine jabıw tiymegen úyir basshıları, aygırlar ústine

mingen adamzattan qorqıp eki tárepke qashıw menen boldı.

Kóp waqıt ótpey-aq jılqılar Edigeniń aytqanınan shıǵa almaytuǵın boldı. Ol bir qıshqırıp jiberse, jılqılardıń bári átirapına toplanıp sap tartıp turatuǵın boldı. Keyinlep qalǵan jılqılarǵa Edige bir názer salsa, shapqılap, kelgenin bilmey qalar edi.

## EDIGENIŃ DÁSLEPKI TÓRELIGI

Láylekkóldiń jaǵasında atlarına qarap júrgen Edige dawlasıp atırǵan eki adamǵa duslasıp qaldı.

— Ushırasqanıń jaqsı boldı ǵoy, — deydi jańaǵılar. — Bala da bolsań adamsań ǵoy. Bizler bir dawdı sheshe almay atırmız. Bul átirapta wáj ayta alatuǵın adam da joq.

— Ne daw edi? — deydi Edige.

— Men atı shıqqan mergen edim, — dedi birinshisi. — Kólde bir úyrek jayılıp júrgen eken, atıp alıp jewge tayarlanıp atırsam, mına birew kelip suńqarı menen ilip aldı.

— Suńqar turǵanda, oqqa bále bar ma? — dedi Edige. — Úyregin ber. Suńqardıń iyesi aladı.

— Men oǵan kónbeymen. Atqan úyregimdi qalay joldan ótkenge berip jibere beremen.

— Meniń tóreligime kónbeseń, suńqardıń iyesi ana tóbeniń basına shıǵadı. Tas tóbesine bir alma qoyıp beremen sonı ata alsań, úyrek seniki. Ata almasań, seni ólim kúter, — dedi.

Ekewi de qayıl boladı.

Mergen bir atqanda-aq oğı tóbedegi almanı tesip ótti.

Úyrekti mergenge berdi.

— Sen bir ádil tóre ekenseń. Haq sóz aytıp toqtatqanıń ushın úyrekti sağan bergenim bolsın, — dedi mergen.

Edige úyrekti alıp ketip baratırsa, bir kózinen jas, bir kózinen qan ağıp kiyatırğanın kórip rehimi kelip, óziniń de jekkeligi esine tústi.

— Seni jegen menen ne bolar deyseń. Bar kete ber, qanatlım, — dep jaradar jerin bir sıypalap ushırıp jiberdi.

Sol úyrek Edigige ómir boyı jaqsılıq islep júrdi.

## ANA BALA TABÍSTÍ

Jılqılarına bereket darıdı. Endi Edige kún uzaq izinen qalmay baqqandı qoydı. Túwellep alğısı kelse Qırantawdıń beline minip alıp, «jılqılarım» dep bir qıshqıradı. Bári jetip keledi. Jılqı basınıń amanlığın bilip, jaylawğa qayta aydap jiberedi.

Edige jılqıların kózden ótkerip jaylawğa jiberip bolıp tursa alıstan eki hayaldıń állebir nárse ústinde tartısıp kiyatırğanın kórdi. Biyikten túsip aldınan shığa berdi.

Qaptalına kelgen eki nasharğa sálem berip:

— Apaylar, bayqap turıppan bir nárseniń ústinde tartısıp kiyatırsızlar, amanlıq pa? — deydi Edige.

— Bir balanı ekewińiz eki jaqqa tartasız.

— Qarağım, bizler dawagerlermiz. Qazığa barıp arzımızdı sheshe almay kiyatırmız, — deydi biri. — Hátteki, xanğa da arız ayttıq. Jónli juwap ala almadıq.

— Balamdı joytqanıma toğız ay bolıp edi, — dedi ekinshisi. — Basqa bir jurttan mına nashar tawıp, asırap alıptı. Sonı esitip barsam, meniń balam, men tuwğanman deydi. Balamdı tanıp turıppan.

— Xan menen qazı sheshe almağanı ras. Meniń balam bolğannan keyin sheshe almaydı da. Bul bolsa izimnen qalmaydı. Ózimniń tuwğan balamdı bere almayman, — dep ekinshi hayal qarsı daw ayttı.

— Onda balanıń eki qolınan ekewińiz uslap turıń, — dedi Edige, — Men sizlerge teńdey etip bólip bereyin.

Awır hám ótkir qılıshın jalańashlap kótere berip edi. Daw aytıp júrgen hayaldıń birewi shırlap qoya berdi.

— Kóz aldımda balanı shawıp óltire górme. Qayda bolsa da tiri bolsa bolar. Usı nashardıń-aq balası bola qoysın. Tek shawa górme, — dep qılıshtıń aldına ózin tuttı.

Edige qılıshın túsirip balanı qılısh aldına basın tikken hayaldıń qolına tutqızdı.

## TÚLKI KIMGE TIYISLI?

Láylekkóldiń salqın samalın jutıp hár kúngi ádeti boyınsha Edige awıl balaların nayzalasıw, qılıshlasıw, mergenlik usılların úyretip qaytıp, kiyatırıp mushlasıp, tóbelesip atırğan eki adamdı ushıratıp qaldı.

— El joq jerde bul ne mushlasıw? — dedi bala Edige eresek adamlarday salmaqlap sóylep.

— Men bir ańshı edim, — dedi birewi. — Ómirimshe usı ańshılıq penen kún kórip kiyatırman. Bir túlkini atıp edim. Inge kirip ketti. Qazıp alayın desem, mına kisi aldırmaydı.

Edige sorawlı názer menen ekinshi kisige qaradı. Edigeniń sustı basıp ketken adam qaltırap tilge kirdi.

— Men qalay qazdıraman. Ol meniń qaraylap júrgen túlkim edi. Sonıń ushın in qazıwǵa qarsılıq etip atırman. Bul adam gápimdi tıńlamay ozbırlıq etip atır.

— Onda gáp mınaday, — dedi Edige. — Erkek túlki bolsa qáwip dóngen, qıstawlı waqıtta inge kiredi. Qanshıq túlki ininiń átirapınan ketpeydi. Inin aylanshıqlap júredi. Qazıń. Erkek túlki bolsa ańshı seniki boladı. Al, qanshıq bolsa qarawıl bolıp júrgen adam iyelik etedi.

Ekewlep in qazıwǵa kirisip ketti. Bir mezgilde zorǵa qazıp boldı. Inde qorqıp jatırǵan túlkini úshewlep uslap aldı. Túlki qanshıq eken.

Edige túlkini qarawıllap júrippen degen adamǵa beredi. Durıs sheshilgen tórelikke ańshı qarsı daw ayta almaydı.

## ÁZLERKENT QALADAǴÍ TOY

Edige awıl balaların shaqırıp alıp jaylawdaǵı atlarǵa mingizip ılaq oyın, at ústinde tartıspaq oyınların

oynaydı. Ózi balalardıń kózin qızıqtırıp, attan-atqa, taydan-tayǵa minip, sekirip-sekirip oynaydı. Balalardıń ishinen shaqqanları shıǵıp Edige jorasınıń háreketin qaytalaǵısı keledi. Olar mingende asaw atlar ońkilep ketip balalar jıǵılıp qala berdi. Lekin, olar Edigeni peri qollap, eki qoltıǵınan kóterip júretuǵının bilmes edi. Edige de bul sırdı heshkimge tis jarıp aytpaydı.

— Balalar, sizler Janmurat baydıń atlarına minip, oynadıq dep aytıp júrmeń, — dep eskertip qoyar edi. — Janmurat esitse, meni jılqı baǵıwdan ayırıp hámme at oyınınan qaǵılıp qalarmız.

Usınday kúnlerdiń birinde Ázlerkent qalada úlken toy bolatuǵının balalar aytıp keledi.

— Jolǵa at jiberedi. Ílaq oyını, palwanlar gúresi, altın qabaq attırıp, úlken etip berip atır. Bayraqqa tikken nársesi de kóp qusaydı, — dep balalar jabırlastı.

Gúres penen at shabıstı aytqanda delebesi qozıp ketetuǵın Edige toydı asıǵıslıq penen kútti.

Janmurattıń miynet haqısına bergen usqınsız sarı tayın sazlay basladı. Bul sarı taydıń qupıya qásiyeti bar ekenin Edige biletuǵın edi. Al, Janmurat jaman taydan qutılǵanına quwandı.

Awıldan kelgen joraların piyadalap izine ertip, Ázlerkent qalaǵa tartıp otırdı.

Alaman seńdey teńselisip júripti. Altın qabaq oyını baslanıw aldında eken. Edige de antalap, adamlardıń arasınan zorǵa ótip, oyınbasınıń aldına bardı.

— Aǵa, meni de dizimge ildirip qoyarsań, — dedi Edige.

Oyınbası onıń túrine, ústine bir qaradı da:

— Sen oynaytuǵın jer emes. Onnan da biyiklew jer tawıp alıp, tamashalawdı bil, bala, — dedi.

— Shın aytıp turman. Men de baxtımdı sınap kórmekshimen, — dedi Edige jalınıshlı túrde.

— Saǵan ayttım ǵoy. Bul jerde qanday mergenlerdiń bolatuǵının bileseń be? Ushqan qustıń kózine tiygizetuǵın mergenler boladı. Waqıttı alma. Jarıs baslawımız kerek, — dedi oyınbası.

— Men de ushqan qustıń kózine ataman. Aspanǵa qarań, ana ǵarǵanıń qaysı kózine tiygizeyin, — dep juwabın kútip otırmay ál hawada ushıp baratırǵan ǵarǵaǵa qarap, sarıjayın tartıp jiberip qaldı.

Kózdi ashıp jumǵansha ǵarǵa ortaǵa tomp ete qaldı. Shınında da, oq oń kózine qadalǵan edi.

Oyınbası tańqalǵannan júzine tigilip turıp atın soradı. Edige:

— Yaqshı, esapqa aldım. Náwbetińdi kút, — dedi ne aytarın bilmegen oyınbası.

Altınqabaq atıw jarısı baslanıp ketti. Ne bir mergenler ózlerin sınap kórdi. Altınqabaqtıń dál ózine tiygize alǵan mergen tabılmadı. Peri anası buǵan pursat bermedi. Edigeniń gezegi keldi.

Kópshilik «altınqabaqtı balalar oyınına aylandırǵansızlar ma?» dep tońqıldanıp ta atır.

Ózin kemsitkendey sezingen Edige burınǵıdan da beter saldamlıraq tutıp altınqabaqtı nıshanǵa aldı.

Alaman siltedey tındı. Hámme demin ishine alıp, altınqabaq qıstırılǵan baǵanǵa kózlerin tikti.

Edige sarıjaydıń serippesin jiberip qalǵan waqıtları «O-o-o» degen ses alıslarǵa esitildi. Alaman birden janlanıp ketti.

— Bul kim boldı?

— Atańa raxmet!

— Naǵız mergen dep usını ayt.

— Mushtay bolıp, pútkil átiraptıń mergenlerin jerge qarattı ǵoy.

— Kimniń zúriyatı boldı?

Kópshilik sorawdı kimge berip atırǵanın da bilmedi. Juwap ta kútip otırmadı.

Edige ortadan qos órkeshli nardı jetelep shıǵıp ketti.

## SHÍNJÍRLÍ PALWAN MENEN ALÍSÍW

Toydıń tamashası birinen keyin biri dawam etti. Náwbet palwanlar gúresine jetti.

Edigeniń buǵan aralasıwı da ońay bola qoyǵan joq.

Palwanlar gúresinde tórelik eteyin dep turǵan Satım palwan Edigeni kim menen gúrestiriw kerekligin bilmey bası qattı.

— Bul jerde, bizlerdey kekse palwanlarǵa tóreshilik etiw, sendey balaǵa tamasha etiw jarasadı, — dedi. — Bulardıń ishinde seniń menen qarsılastırǵanday palwan joq.

— Siziń kórsetken palwanıńızǵa túseyin, ata, — dedi Edige.

— Seni, balam, bala palwanǵa da ılayıq kórip turǵanım joq. Mayırılıp qalasań, bala.

Edige namıslanıp, ızadan jarılıp ketejaq boldı.

— Ata, meni osal kórmeń. Búgingi toydıń bas palwanına túsemen, — dedi Edige.

Óytkeni, arǵı atalarınıń ruwxı, peri anası kóz aldında turıp qollap turǵan edi. Ilahiy kúshti sezgen Edigeniń júregi hallaslap ketti.

Xalıqqa bir kúlkili tamasha kórseteyin degen Satım palwan ortaǵa shınjırlı bas palwandı shaqırdı.

Shınjırlı palwan Edigeni kórip, qattı ashıwlandı.

— Satım! Óziń gúresti qoyǵannan keyin palwanlardı ermek etiwge qaradıń ba? Meniń teńim usı náreste boldı ma? — dep shunatayı menen túrtip, qurdan shıǵarıp jibermekshi boldı.

Shunatay barmaǵı shım ete qalǵan waqıtta kózinen jas tamshısınıń qalay shıǵıp ketkenin bilmey qaldı.

Shınjırlı palwannıń háreketin birew ańladı, birew ańlaǵan joq. Usını bilgen palwan eles-qapasta alısqa ılaqtırıp jibereyin dep jawırınınan búrdi. Balaǵa samal epkini shelli bilingen joq.

Arı kelgen shınjırlı palwan shınjırın shıńǵırlatıp, eki qolı menen jaǵasınan tuttı. Niyeti basınan aylandırıp ılaqtırıp jiberiw edi. Edige bunda da tapjılmadı. Shınjırlı palwan pútkilley ashıwlandı hám belbewinen uslap ózine tartıp, ishten shalıw usılın islemekshi boldı. Edige bunda da qıymıldamadı.

Alamannıń názeri qur ortasına tigildi.

Shınjırlı palwan «Balada káramat joq pa eken?» dep oylap, kewline gúdik aralastı.

«Bunıń moyının julıp alayın. Búgin paymanası tolǵan qusaydı ǵoy» dep jaqınlastı.

«Ólimnen uyat kúshli» degen ómirinde jıǵılıw ne ekenin esten shıǵarǵan palwan, ızadan júrek-bawırı ot bolıp, balanıń basına asıldı.

— Aǵa, — dedi Edige saldamanlılıq penen. — Er qádesi úsh degen. Saǵan úsh márte máwlet berdim. Endigi náwbet biziki bolsın!

«Usınıń qolınan ne keler deyseń?!» — dep oylanıp shınjırlı palwan aqlıǵına belin tutqınday taltayıp turıp aldı.

Edige ótken ata-babaların hám peri anasına sıyınıp, palwannıń juwan sanınan tómenirekten qapsıra qushaqladı. Onnan biyikke boyı da jetpes edi.

Edigeniń «Há-á!» degen dawısı esitilgeni sol burq etken shań jańa tóselgen taza kiyizdiń ústinde misli quyınday kóterildi.

Adamlar shuwlasıp qoya berdi.

Shınjırlı palwandı keregege salıp, ortadan alıp shıqtı.

## ÍLAQ TARTÍSTA

Sıqılı kelispegen sarı tayǵa minip, ılaqtıń izinen shotıraqlap shawıp, baratırǵanın kórgen kópshilik Edigeniń ústinen kúlisti.

— Mına, bala búgingi toydıń barlıq jeńisin ózi iyeleyjaq. Wa-ha-ha!

— Mingen atına qara! Ilahiy kúsh atında da bar dep oylaǵan ǵoy.

Atı elge jayılǵan shabandoz Iyemberdi taqımındaǵı úsh jasar ógesheden islengen ılaqtı heshkimge bermey

shawıp baratır. Toparlasqan ılaqshılar arasına bir kiredi, bir shığadı. Izinde shabandozlardı ermek etiwge qaradı. Ílaqshı atlardıń kópshiligi alakóbik bolıp, ózin qurdan alıp qasha basladı.

Edige toparlasqan atlardı qaq ayırıp ortağa kirip bardı. Iyemberdi menen qatarlasıp shawıp biraz júrdi. Ílaqshı atı qaymığıp, hiyle qılıp Edigeniń qolın ılaqqa tiygizbedi.

Qáhárlenip, ata-babalarınıń árwağına, peri anasına sıyınğan Edige Iyemberdi shabandozdıń beline qolın saldı.

Hápzamatta qulaq esitip, kóz kórmegen hádiyse júz berdi. Edigeniń aldında bókteriwli attıń ayağı sálleńlep barar edi. Edige atı hám Iyemberdini toy iyesi menen birge turğan el biyleriniń aldına atıp urdı.

Kópshilik hawlığısıp qaldı.

El arasında duw-duw áńgime kóterildi.

Edige bayraqlardı doslarınıń aldına salıp, ózi jılqılarınıń aldında jónep ketti.

## EDIGE XANLÍQQA ÍLAYÍQ

Toy tamashası baslanğannan bergi Edigeniń kórsetken káramatı el ağaların bir jerge toplanıp, oylasıq qurıwğa májbúr etti.

Birewler onıń sheshenligin, ádilligin, tóreshiligin aytsa, birewler mergenligin, basqalar palwanlığı menen shabandozlığın dástan etti. Bul bala biziń awıldıń mańlayına sıyatuğın bala emes desti. Xannıń

kózine túsip, jağınıp qalğısı kelgenler «bul xanğa ılayıq bala eken» desip atır.

El ağaları — biyler, baylar jıynalıp Tulım xojanı ortağa aldı.

— Bul seniń, hátteki, bul awılımızdıń mańlayına sıymaydı. Haslında bul bala ózińizdiki de emes, xanlıqqa ılayıq, atadan artıq tuwğan bala eken, — dedi. — Ózińniń balań bolğanda da xannıń xızmetine jarańğanday perzentti xanğa sıyğa beriw — qudaydıń berip turğan biybaha sıylığı, abıroyı. Kimniń balası, Tulım xojanıń balası deydi.

Tulım xoja kópshiliktiń sózine ujıbatlı dálil ayta almay xan sarayına Edigeni aparıp beriwge kóndi.

El ağaları tańnıń atıwın sabırsızlıq penen kútip atırğanda Edige kelesi ómirin kóz aldına keltirip jatır edi.

— Qolıma xanlıq tiyse bul zamandı qoy ústinde torğay jumalaytuğın etip qoyar edim. Xalqımdı zulım-zombılıqlardan qutqarıp, nahaqlıqlardı joyıp erkin zaman dúzer edim. Ásirler boyı xalqım maqtanısh etip eslep júretuğın dáwran jaratar edim.

Bala qıyalı shiyrin arzıwlar menen bánt edi.

## MAZMUNİ

### PULS IZLEGEN BALA
*(Povest)*

Pulstıń jogalıwı .................................... 3
Baqshadan qashqanda .................................... 6
Saparǵa tayarlıq .................................... 7
Saparǵa shıǵıw .................................... 11
Toqıldawıq penen ushırasqanda .................... 12
Jolda .................................... 15
Saranawǵa jolıqqanda .................................... 18
Qawın atızda .................................... 21
Jolda .................................... 25
Shayqas .................................... 26
Aq attıń keliwi .................................... 30
Sapar aldınan .................................... 31
Bultlar arasında .................................... 33

### EDIGE
*(Ertek-povest)*

Edigeniń tuwılıwı .................................... 36
Edige Qutlıqız tárbiyasında .................................... 37
Sultanmń gúmanı .................................... 39
Tulımnıń úyine hújim .................................... 40

Tulım balalı boldı ........................................ 41
Saplınıń qolı sınǵanda .................................... 44
Edigeniń mergenligi ....................................... 45
Edige — balalardıń basshısı............................. 47
Edige túıs kórgende ....................................... 48
Edige usha aladı ........................................... 49
Edigeniń dáslepki tóreligi ................................ 50
Ana bala tabıstı ............................................ 51
Túlki kimge tiyisli? ........................................ 52
Ázlerkent qaladaǵı toy.................................... 53
Shınjırlı palwan menen alısıw.......................... 56
Ílaq tartısta.................................................. 58
Edige xanlıqqa ılayıq ...................................... 59

Beknazar ERNAZAROV

# PULS IZLEGEN BALA

*(Povest hám ertek-povest)*

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*Nókis — 2017*

ISBN 978-9943-5054-0-7
9 789943 505407

«QARAQALPAQSTAN»